**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIM MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’**
**QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

*Qol jazba huquqi’nda*
*UDK* 8.8-14. (575.112)

**Abdirazakova Roza Shrazatdinovna**

# G’arezsizlik da’wirinde qaraqalpaq a’debiyati’nda diniy ag’arti’wshi’lar obrazi’ni’n’ sa’wleleniwi

**5A-120101 A’debiyattani’w (Qaraqalpaq a’debiyati’)**

**Magistr akademiyali’q da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an dissertaciya**

MAK da jaqlawg’a ruxsat
Magistratura bo’limi basli’g’i’
_________ doc. A.Gulimov

Kafedra basli’g’i’:______________f.i.k.doc. Q.Yusupov

Ilimiy basshi’:_________________f.i.d. prof. Q.Worazi’mbetov

**No’kis-2014**

# M A Z M U N I’

**KIRISIW…...…………………………………………………………….3**

**I Bap. KO’RKEM OBRAZLAR TUWRALI’ TEORIYALI’Q SI’PATLAMA**

**1.1. Ko’rkem obraz haqqi’nda tu’sinik ....…………………………....6**

**1.2. Ko’rkem obraz ha’m wolardi’n’ tu’rleri ..………………………11**

**1.3. Ko’rkem obraz ha’m oni’n’ estetikali’q tiykarlari’ ...………......15**

**II Bap. XX A’SIR QARAQALPAQ A’DEBIYATI’NDA DINIY AG’ARTI’WSHI’LAR OBRAZI’**

**2.1. T.Qayi’pbergenovti’n’ Qaraqalpaq da’stani’ trilogiyasi’nda diniy ag’arti’wshi’lar obrazi’ .............…………………………………………22**

**2.2. K.Sultanovti’n’ “A’jiniyaz ” romani’nda Yelmurat axun obrazi’ .................................................................................................35**

**III Bap. G’A’REZSIZLIKTEN KEYINGI QARAQALPAQ A’DEBIYATI’NDA DINIY AG’ARTI’WSHI’LAR OBRAZI’**

**3. 1. A’. Paxratdinovti’n’ tariyxi’y romanlari’nda diniy ag’arti’wshi’lar obrazi’ ..…………………………………………………………...…45**

**3. 2. I. Yusupovti’n’ «Watan topi’rag’i’» poemasi’nda Apsamed axun obrazi’ ...………………………..…………………………………...55**

**JUWMAQ ……………………….…………………………………62**

**PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR ...…………………………...65**

## Kirisiw

**Izertlewdin' aktualli'g'i'.** Ha'zirgi ku'nge shekem jazi'wshi' shayi'rlardi'n' proza, poeziya, dramaturgiya tarawlari'nda jazg'an ko'rkem shi'g'armalari', wolardag'i' ko'rkem obraz jasaw wo'zgeshelikleri ha'r qi'yli' aspektte izertlenildi. Obrazlar janrli'q princip negizinde lirikali'q, epikali'q, drmali'q obraz boli'p bo'linedi, wol a'debiyattag'i' qaharman tu'sinigi menen tig'i'z baylani'si. Ko'rkem obraz tu'sinigi tariyxi'y jag'daylarg'a baylani'sli' wo'zgerip, tu'rli ma'nide de qollani'ladi'. Wol soni'n' menen birge ha'r qi'yli' ko'rkem metodti'n' wa'killeri ta'repinen tu'rlishe tu'siniliwi mu'mkin ha'm wol jazi'wshi'ni'n' tutqan bag'dari' menen aji'ralmas baylani'sqa iye.

Biz bul magistrlik jumi'si'mi'zda tariyxta jasag'an diniy ag'arti'wshi' ata-babalari'mi'zdi'n' ko'rkem a'debiyattag'i' su'wretleniw wo'zgesheliklerin u'yreniw, wolardi'n' iygilikli islerin, milletimizdin' ta'g'diri ushi'n ali'p barg'an xi'zmetlerin ashi'p beriwde T. Qayi'pbergenov, K. Sultanov, I. Yusupov, A'. Paxratdinovlardi'n' sheberliklerin so'z yetiwdi na'zerde tuti'p woti'rmi'z. Sebebi qaraqalpaq a'debiyattaniw iliminde diniy ag'arti'wshi'lardi'n' obrazi' arnawli' bag'i'tta u'yrenilmedi. Bul tiykari'nan bizin' dissertaciyali'q jumi'si'mi'zdi'n' aktualli'g'i'n belgilep beredi.

**Izertlewdin' tariyxi'.** Qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde obrazlardi'n' turleri, wo'zgeshelikleri N. Da'wqaraev, M. Nurmuxamedov, J. Nari'mbetov, Q. Kamalov, S.Bahadi'rova, Q.Sultanov, Z.Nasurlaeva, A'.Qoji'qbaev, K.Mambetov ha'm basqalardi'n' ilimiy miynetlerinde anaw yamasa mi'naw aspektte izertlendi.[1] Biraq ko'rkem a'debiyati'mi'zda diniy ag'arti'wshi'lari'mi'zdi'n ko'rkem obrazlari'ni'n' jarati'li'w sheberliklerin u'yreniw uli'ma bag'i'tta ayi'ri'm ilimiy miynetlerde g'ana so'z yetildi.

[1] Da'wqaraev N. Shi'g'armalari'ni'n' toli'q ji'ynag'i', No'kis, "Qaraqalpaqstan", 1979; Nurmuxamedov M. Shi'g'armalari'. I tom. No'kis, Qaraqalpaqstan, 1985; Nari'mbetov J. "Karakalpakskiy roman", Tashkent, FAN, 1974; Kamalov Q. "Qaraqalpaq povesti", No'kis, Qaraqalpaqstan, 1978; Sultanov Q. "Prozani'n' rawajlani'w jollari'", No'kis, "Qaraqalpaqstan", 1978; Nasurlaeva Z. "Geroy sovremennoy karakalpakskoy prozi'", No'kis, "Qaraqalpaqstan", 1978; Qoji'qbaev A'. "Qaraqalpaq romani'", No'kis, "Qaraqalpaqstan", 1978.

**Maqseti ha’m wazi’ypalari’.** Jumi’sti’n’ basli’ maqseti qaraqalpaq a’debiyati’nda jarati’lg’an diniy ag’arti’wshi’lardi’n’ obrazi’, wondag’i’ ha’r bir jazi’wshi’ni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin aship beriwden ibarat. Buni’ iske asi’ri’w ushi’n to’mendegi tiykarg’i’ wazi’ypalardi’ wori’nlamaqshimi’z:

- Korkem obrazlar tuwrali’ teoriyali’q si’pa tlama beriw;
- XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda diniy ag’arti’wshi’lar obrazi’ni’n’ wo’zgesheligin ashi’p beriw (T. Qayi’pbergenovti’n’ “Qaraqalpaq da’stani’” trilogiyasi’, K. Sultanovti’n’ “A’jiniyaz” romani’ mi’sali’nda);
- G’a’rezsizlikten keyingi qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ diniy ag’arti’wshi’lar obrazi’n jarati’wda ko’rkemlik izlenislerdi u’yreniw (A’. Paxratdinovti’n’ “So’ylenbegen tariyx”, “Sheyitler ta’g’diri” romanlari’, I. Yusupovti’n’ “Watan topi’rag’i’” poemasi’ mi’sali’nda);

**Izertlewdin’ teoriyali’q-metodologiyali’q tiykarlari’.** Biz izertlew bari’si'nda Prezident I.A.Karimovti’n’ a’debiyat ha’m ko’rkem wo’nerdi rawajlandi’ri’w haqqi’ndag’i’ ko’rsetpelerin basshi’li’qqa aldi’q. Sog’an qosi’msha bizin’ jumi’si’mi’zdi’n’ teoriyali’q ha’m metodologiyali’q tiykari’ retinde T. Boboev, H. Umurov, N. Hatamov, B. Sarimsoqov, M. Nurmuxamedov, Q. Sultanov, J. Nari’mbetov, S. Axmedov, P. Nurjanov, H. O’temuratova, S. Bahadirova ha’m basqalardi’n’ ilimiy miynetlerin sonday-aq, keying ji’llarda ja’riyalang’an bir qansha materiallar jumi’sti’n’ izertleniwinde basli’ teoriyali’q metodologiyali’q tiykar boldi’.

**Izertlewdin’ ilimiy jan’ali’g’i’.** Bu’gingi ku’nge shekem ko’rkem shi’g’armalarda diniy ag’arti’wshi’lar obrazi’ uli’wmali’q bag’i’tta u’yrenildi. Wolardi’ arnawli’ tu’rde u’yreniw, ko’rkemlik, stillik wo’zgesheliklerin ashi’p beriw a’melge asi’ri’lmay kiyati’rg’an ma’selelerdin’ biri yedi. Biz bul jumi’si’mi’zda diniy ag’arti’wshi’lardi’n’ xali’q turmi’si’ndag’i’ worni’n, wolardi’n’ T. Qayi’pbergenov, K. Sultanov, I. Yusupov, A’. Paxratdinovlardi’n’ do’retiwshiliginde su’wretleniwin ashi’p beriwge ha’reket jasadi’q. Usi’ avyorlardi’n’ ko’rkem shi’g’armalari’ tiykari’nda diniy ag’arti’wshi’lar

obrazi'ni'n' jarati'li'w wo'zgesheliklerin ha'r ta'repleme analiz yettik. Bular bizin' magistrlik jumi'si'mi'zdi'n' ilimiy janali'g'i'n belgilep beredi.

**Izertlewdin' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti.** Jumi'sti'n' ilimiy na'tiyjeleri qaraqalpaq a'debiyati tariyxi'n u'yreniwde, ko'rkem obrazlardi'n' jarati'li'w wo'zgesheliklerin izertlewde teoriyali'q da'rek xi'zmetin wo'tewi mu'mkin.

Dissertaciya materiallari'nan filologiya fakultetleri ushi'n sabaqli'q ha'm qollanbalar jarati'wda sonday-aq, studentler a'meliy, kurs jumi'slari'nda, ilimiy izleniwshiler wo'zlerinin' ilimiy jumi'slari'nda paydalani'wi'na boladi'.

**Jumi'sti'n' quri'li'si'.** Bizin' jumi'si'mi'z "Kirisiw", u'sh bap, "Juwmaq" ha'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen turadi'. I bap "Ko'rkem obrazlar tuwrali' teoriyali'q si'patlama" dep atali'p, wol wo'z na'wbetinde u'sh bo'limnen turadi': 1-bo'lim "Ko'rkem obraz haqqi'nda tu'sinik" dep atalsa, 2-bo'lim "Ko'rkem obraz ha'm wolardi'n' tu'rleri" dep ataladi'. Al, 3- bo'lim "Ko'rkem obraz ha'm oni'n' estetikali'q tiykarlari'" dep ataladi'. II bap "XX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'nda diniy ag'arti'wshi'lar obrazi'" dep atali'p, wol wo'z na'wbelinde yeki bo'limnen: "T. Qayi'pbergenovti'n' Qaraqalpaq da'stani' trilogiyasi'nda diniy ag'arti'wshi'lar obrazi'" ha'm "K. Sultanovti'n' "A'jiniyaz" romani'nda Yelmurat axun obrazi'" bo'limlerinen turadi'. III bap "G'a'rezsizlikten keyingi qaraqalpaq a'debiyati'nda diniy ag'arti'wshi'lar obrazi'" dep atali'p wol wo'z na'wbelinde yeki bo'limnen: "A'. Paxratdinovti'n' tariyxi'y romanlari'nda diniy ag'arti'wshi'lar obrazi'" ha'm "I. Yusupovti'n' "Watan topi'rag'i'" poemasi'nda Apsamed axun obrazi'" bo'limlerinen turadi'. "Juwmaq" ta biz ilimiy jumi's bari'si'nda kelgen ilimiy teoriyali'q pikirlerimiz cifrlar menen bo'linip, i'qshamlasti'ri'li'p berildi. Paydalani'lg'an a'debiyatlar jumi'sti'n' aqi'ri'nda ha'zirgi bibliografiya iliminin' qa'delerine muwapi'q jaylasti'ri'ldi'.

# I Bap. KO’RKEM OBRAZLAR TUWRALI’ TEORIYALI’Q SI’PATLAMA

## I.1. Ko’rkem obraz haqqi’nda tu’sinik.

Ko’rkem obraz barli’qti’n’, qorshag’an a’lemnin’ ko’rkem shi’g’armadag’i’ ko’rinisi. Biraq, ko’rkem obraz sol barli’qti’n’ a’piwayi’ ko’rinisi yemes, wol barli’qti’n’ jazi’wshi’, do’retiwshi ko’zi menen ko’rilgen ha’m ideal tiykari’nda do’retiwshilik qayta islengen ko’rinisi. Bul ko’riniste du’nyani’n’ ko’plegen tani’s izlerin tabami’z, biraq bul biz bilgen du’nyani’n’ wo’zi yemes, al, uli’wma basqa jan’a ko’rinis-ko’rkem barli’qqa aylanadi’. Ko’rkem o’nerdin’ ha’m a’debiyatti’n’ wo’zinshelligi de ko’rkem obraz benen belgilenedi.

“Obraz” atamasi’ “raz” (“si’zi’q”) so’zinen ali’ng’an boli’p, “raz” so’zinen “razit” (“si’zi’w”, “joni’w”, “woyi’w”) ha’m wonnan “obrazit” (“si’zi’p, joni’p, woyi’p forma jasaw”) so’zi jasalg’an. “Obrazit” ten “obraz” (“uli’wma ali’ng’an su’wret”) payda bolg’an.”[2] Ko’rkem a’debiyatta turmi’sti’n’ barli’q (insan, na’rse, buyi’m, ha’diyse, wo’simlik, haywanat, ko’shpeli ma’nis beriwshi so’zler, so’z dizbekleri, leksikali’q resurslar, ko’rkemlew qurallari’) elementleri kiretug’i’n bolg’anli’qtan, wonda da do’retiwshi shaxsti’n’ sanasi’ ha’m kewilinde tu’rlenip, bayi’ti’li’p, ken’eytilip, yen’ a’xmiyetlisi, insanlasi’p belgilenetug’i’nli’qtan - wolardi’n’ barli’g’i’n obraz dep ayti’w ni’zami’n qubi’li’s boli’p esaplanadi’. “Iskusstvodag’i’ yen’ ulli’ predmet-insan boli’p yesaplanar yeken, demek, “obraz” atamasi’ insang’a (ko’rkem shi’g’armadag’i’ insang’a) qarati’p qollani’li’wi’ maqul boladi’.”[3]

Ko’rkem obrazdi’n’ wo’zine ta’n belgilerinin’ ja’ne biri woni’n’ metoforikali’g’i’. Bunda “metoforikali’q” ti’ tek “uqsasli’q” penen sheklemesten, ken’ ma’niste tu’siniw kerek. Yag’ni’y, “metoforikali’q”

[2] Umurov H.Adabiyot nazariyasi. Toshkent, “Sharq”, 2002, 28-bet.

[3] “Voprosi’ literaturi’”, 1966, №5, st. 17.

degende ko’rkem obrazdi’n’ bir na’rsenin’ a’hmiyetin, mazmun-mag’anasi’n basqasha bir na’rse arqali’ ashi’wg’a umti’li’wi’, ko’rkem o’nerge ta’n bolg’an pikirlew tu’siniledi. Haqi’yqi’y do’retiwshinin’ di’qqati’ mazmung’a qarati’lg’an boli’p, wol barli’qtag’i’ na’rse-ha’diyselerdin’ ba’rshemizge ko’rinip turg’an si’rtqi’ uqsasli’g’i’ yemes, bizin’ di’qqati’mi’zdan jasi’ri’n-ishki uqsasli’g’i’na tayang’an halda pikirlendi. Do’retiwshi biz ushi’n ku’tilmegen ishki uqsasli’qti’ ju’zege shi’g’aradi’, na’tiyjede sol biz bilgen na’rse yamasa ha’diyse pu’tkilley jan’asha bir ta’rizde su’wretlenedi, wo’zinin’ bizge belgisiz qi’rlari’ menen ko’rinedi. Obrazli’ woy-pikirde joqari’ da’rejedegi assotsiativlik bayqaladi’. Assotsiativlik uli’wma adamni’n’ woylawi’na ta’n na’rse. Sebebi, si’rtqi’ a’lemnin’ ta’sirinde sanami’zg’a birer-bir na’rsenin’ sa’wlesinin’ payda boli’wi’ menen woni’n’ menen baylani’sli’ assotsiatsiyalar da oyanadi’. Obrazli’ woylawdi’ joqari’ da’rejede assotsiativ dep ayti’wi’mi’zdi’n’ sebebi sonda, realli’qta ko’rilgen bir na’rse do’retiwshinin’ qi’yali’nda pu’tkilley basqa bir na’rseni, sol predmet penen uli’wma baylani’si’ bolmag’an na’rseni oyati’wi’ mu’mkin. Soni’n’ ushi’n da do’retiwshi shaxs joqari’dag’i’day uqsasli’qlardi’ tabadi’ ha’m woni’ ko’rkem obrazdi’ sa’wlelendiredi, na’tiyjede sol obraz da joqari’ da’rejedegi assotsiativlikti wo’zinde payda yetedi. Ko’rkem obraz bir ma’nili bolmaydi’, ko’p ma’nililik woni’n’ ta’biyati’na ta’n bolg’an ja’ne bir a’hmiyetli belgisi. Ko’rkem obrazdi’n’ ko’p ma’nililigi, yen’ aldi’ menen, woni’n’ assotsiativligi menen baylani’sli’ halda tu’siniledi. Do’retiwshi shaxs obrazda belgili bir imkaniyatlar jaratadi’ da wolardi’ a’melge asi’ri’wdi’ woqi’wshi’ni’n’ wo’zine qaldi’radi’. Bunday imkaniyatlar, a’sirese, «obektiv su’wretlew» bag’i’ti’nan bari’lg’an, jazi’wshi’ qali’s baqlawshi’ da’rejesinde turg’an shi’g’armalarda ku’shli ko’rinis tabadi’. Shi’g’armada su’wretlengen na’rse bir bolsa da, woqi’wshi’lardi’n’ do’retiwshilik yelesletiw imkaniyatlari’, du’nya-qaraslari’ni’n’ wo’zgesheliliginen konkret obraz

wolardi’n’ sanasi’nda tu’rlishe sa’wlelenedi, tu’rlishe juwmaqlarg’a ali’p keledi. Soni’n’ ushi’n da woqi’wshi’lar qi’yali’nda mi’n’lap Aydos, Mamanbiyler, ju’zlep Ma’riya, Worazlar jasaydi’. Ko’rkem obrazg’a ta’n tap usi’ belgi sebepli de shi’g’armani’ ha’r tu’rli da’wirde tu’rlishe woqi’w, woni’n’ mazmuni’nan jan’a-jan’a ma’nislerdi ashi’w imkaniyati’n jaratadi’. Bul belgi haqi’yqi’y ko’rkem shi’g’armani’n’ ma’n’giligin ta’miyinleydi.

A’debiyattani’w iliminde «ko’rkem obraz» atamasi’ ha’m ken’ ha’m tar ma’nislerde qollani’ladi’. Ken’ ma’niste «ko’rkem obraz» degende, barli’qti’n’ do’retiwshi shaxs ko’zi menen ko’rilgen ha’m do’retiwshilik qayta islengen ha’r qanday sa’wlesi (haywanlar, buyi’mlar, ta’biyat obrazlari’) na’zerde tuti’lsa, tar ma’niste ko’rkem shi’g’armadag’i’ insan obrazi’ tu’siniledi. Barli’qti’ ko’rkem qabi’l yetiwdi maqset qi’lg’an ko’rkem a’debiyatti’n’ tiykari’nda insan obrazi’ turadi’. Solay yeken, barli’qti’ ko’rkem qabi’llawdi’ maqset yetken ko’rkem a’debiyatti’n’ bul joldag’i’ tiykarg’i’ qurali’ insan obrazi’ bolatug’i’nli’g’i’ ta’biyiy.

Obraz ko’rkem toqi’ma ja’rdeminde jarati’lg’an, estetikali’q bahali’li’qqa iye insane turmi’si’ni’n’ uli’wmali’q ha’m woni’n’ ko’rinisi, -degen tiykarli’ ani’qlamag’a su’yensek, woni’n’ to’rt tiykarg’i’, ha’r birin ayi’ri’qsha analizlew lazi’m bolg’an belgisi bar yekenligi ha’m «obraz pikirdi uli’wmalasti’ri’wdi’n’ ti’yi’mli’», awi’spali’ usi’li’ yekenligi belgili boladi’.

1.Ko’rkem obrazdi’n’ uli’wmali’li’qli’g’i’. Jazi’wshi’ konkret obrazdi’ jarati’w ushi’n sol jarati’p ati’rg’an adamni’n’ ha’r tu’rinin’ ko’rinisin belgilewshi xarakterli belgilerin, a’detlerin, so’ylesiw a’deplerin, ma’nawiyati’n h.t.b. u’yrenedi ha’m wolardi’n’ yen’ serelerin uli’wmalasti’ri’p, bir obrazda ja’mleydi. Sonli’qtan obraz turmi’stag’i’ adamlardan yen’ a’hmiyetli tiplik qa’siyetler tiykari’nda uli’wmalasti’ri’lg’an, ja’mlestirilgeni menen wo’zgeshelenedi.

2.Ko’rkem shi’g’armani’n’ ani’qli’g’i’ (individualli’g’i’). Turmi’sta birdey ko’riniske, birdey paziyletlerge, birdey minez quli’qqa iye insanlar

ushi’raspaydi’, ko’rkem obrazlar du’nyasi’ da tap sol turmi’stag’i’ kibi har tu’rli. Sog’an bola obrazlar ra’n-ba’ren’, bay, ko’p qi’rli’, bul wo’z na’wbetinde, ha’r bir obrazdi’n’ xarakterin woni’n’ ko’rinisi, wo’zine ta’n woriginal qi’li’g’i’, a’deti, woyi’, maqseti, tili, talqi’lawi’, ma’nawiyati’, ma’deniyati’, h.t.b boli’wi’n talap yetedi, individuallasti’ri’w ni’zamli’li’g’i’n iske tu’siredi; wo’zine ta’nlikti payda yetedi; ayi’ri’qsha ko’rsetiledi, yeste qalatug’i’n yetip su’wretlenedi. Usi’ tiykarda g’ana individual obrazdi’n’ janli’li’g’i’ ha’m ta’biyiyligi, turmi’sshan’li’g’i’ ha’m ta’kirarlanbasli’g’i’ menen woqi’wshi’ni’n’ kewlinen wori’n aladi’.

3.Obraz jarati’wda ko’rkem toqi’ma. Obraz uli’wmali’q ha’m individualli’q ni’zamshi’li’qlari’ni’n’ birlesiwinen ju’zege keler yeken, do’retiwshi kewlinen wo’tkizip, wo’zligin qosi’p su’wretler yeken, a’lbetti, wonda ko’rkem toqi’mani’n’, fantaziyani’n’ belgili da’rejede ta’siri qosi’lg’an boladi’.

Ko’rkem toqi’ma Wenlek (AQSh) tu’siniginde –“Ko’rkemliktin’ tiykarg’i’ determinanti’”, F.Golyanskiydi’n’ (Polsha) tasti’yi’qlawi’nsha poeziyani’n’ qa’lbi, pu’tkil a’debiyat ko’rkem toqi’malardan ibart, sebebi, turmi’sti’n’ ha’diyseleri zaman ha’m ma’kanni’n’ ishinde shashi’li’p jatadi’. Mi’sali’, bir adamdi’ alayi’q: wol wo’zinin’ a’hmiyetin, ta’biyati’n ashi’p beretug’i’n bir so’zdi bu’gin aytsa, yekinshisin bir ha’pteden, u’shinshisin bir ji’ldan keyin ayti’wi’, ba’lkim, hesh qashan aytpay wo’tip ketiwi de mu’mkin. Jazi’wshi’ a’ne sonday adamdi’ izbe-iz so’yletedi. Bul bolsa turmi’sti’ ko’rkem toqi’malardi’n’ ja’rdeminde sa’wlelendiriw boladi’.

4.Ko’rkem obrazdi’n’ estetikali’q ta’sirshen’ligi. İnsan ushi’n yen’ go’zzal na’rse-o’mir. Wo’mir ha’m insan a’debiyat ha’m obrazdi’n’ tiykari’. Demek, a’debiyat ha’m, obraz ha’m sezimlerimizge, sanami’zg’a ta’sir yetedi, konkret bir sezimdi (quwani’w, ashi’wlani’w, ar-nami’s, hu’rmet kibi) yaki bolmasa sezimler u’zliksizligin oyatadi’.

Jazi’wshi’ ko’rkem obrazdi’ turmi’stag’i’ ha’diyselerden, adamlar du’nyasi’nan aladi’. Jazi’wshi’ni’n’ fantaziyasi’ ko’rkem obraz jasawdi’n’ a’hmiyetli

jollari'ni'n' biri. Ko'rkem obraz do'retiwde wo'mir ni'zamli'li'qlari'n teren' tu'singen jazi'wshi'ni'n' ko'rkem qi'yali' shi'nli'q penen u'ylesip, avtordi'n' sanasi'nda pisip jetilisken adam obrazi' du'nyag'a keledi.

Ko'rkem so'z sheberi turmi'stag'i' ko'plegen adamlar turmi'si'n, ishki du'nyasi'n, u'rp-a'detin, psixologiyasi'n, miynet uqi'pli'li'g'i'n puxta u'yreniw na'tiyjesinde olardi'n' yen' a'hmiyetli belgilerin, tipik qa'siyetlerin tan'lap aladi', uli'wmalasti'radi', bir pu'tinlikke keltirip, konkret shaxs obrazi' arqali' sa'wlelendiredi.

Ko'rkem obraz do'retiwde tiykar bolg'an turmi'sta bar bolg'an adam prototipler dep ataladi'. "Prototipler-konkret bolg'an admlar, yunon tilinen (protos-da'slepki, baslang'i'sh, tipos-obraz) a'debiyatta ko'rkem obrazdi' ju'zege keltiriwde negiz, tiykar, yadro si'pati'nda xi'zmet qi'li'wshi' real shaxslar"[1]. Prototip tiykari'nda ko'rkem obraz jarati'wdi'n' xarakterli tamani' sonda, bunda turmi'sta bar bolg'an tariyxi'y shaxs ko'rkem obrazdi'n' tiykari'nda turadi'. Ko'rkem obraz turmi'sli'q material-prototip ha'm jazi'wshi'ni'n' do'retiwshilik fantaziyasi'ni'n' birlestiriliwinen jasaladi'.

## I.2. Ko'rkem obraz ha'm wolardi'n' tu'rleri

A'debiyattani'wda ko'rkem obrazlar to'mendegi ilimiy faktorlar tiykari'nda klassifikatsiya qi'li'p u'yreniledi.

1.Ko'rkem metod talabi'na qaray –obrazlar to'mendegi tu'rlerge bo'linedi: mifologiyali'q, a'psanali'q, qi'yali'y-fantastikali'q, simvolli'q, romantikali'q, realistlik obrazlar.

Realistik obraz- turmi's haqi'yqatli'g'i'na ta'n obrazlar boli'p, wolar janli' adamlarg'a ta'n bolg'an qa'siyetlerdi o'zinde ja'mlegen.

XX a'sir qaraqlpaq a'debiyati'ni'n' tiykarg'i' qaharmanlari' realistik obrazlar boli'p yesaplanadi'. "Qaraqalpaq da'stani'" romani'ndag'i' Maman biy, Esengeldi, Murat shayi'q, Aydos, Ernazar alako'z, "A'jiniyaz" romani'ndag'i'dag'i' A'jiniyaz, Qosi'bay, "Shi'rashi'lardag'i'" dag'i' Esjan g'arri', ha'm basqa obrazlar realistik obrazlar.

Romantikali'q obrazlar-turmi'sta bolmag'an, biraq boli'wi'n arzi'w qi'li'ng'an tan' qalarli'q ku'sh-quwat iyesi bolg'an, ko'terin'ki ruwx penen jarati'lg'an obrazlar. Ma'selen: ulli' wo'zbek shayi'ri' ha'm woyshi'li' Aliysher Nawayi' "Hamsa" si'nda jarati'lg'an qatar obrazlar Farxad, Shiyrin, Mehiribonu, Shopur, Baxram, Dilaram, Layli, Ma'jnun, Navfal, İskender Zulxarnayin h.a'.t usi'nday romantikali'q obrazlar boli'p tabi'ladi'.

Qi'yali'y-fantastikali'q obrazlar-ha'dden ti's bo'rttirilgen, ilahiylasti'ri'lg'an, tan' qalarli'q xarakterge iye bolg'an obrazlar. Bunday obrazlar, tiykari'nan xali'q awi'zeki do'retiwshiliginde ko'p ushraydi'. Wolardan «Alpami's» da'stani'ndag'i' jin, «Mi'n' bir tu'n» degi Da'w, si'yaqli' obrazlar usi'lar qatari'na kiredi. Qi'yali'y-fantastikali'q obrazlar jazba a'debiyatta da ushi'rasadi'. Mi'sali': Aliysher Nawayi'ni'n' «Farxad ha'm Shiyrin» da'stani' ha'm Ferdawsiydin' «Shaxnama»si'ndag'i' Da'wler Qi'yali'y-fantastikali'q obrazi'n yeslew jetkilikli.

A'psanali'q obrazlar-pu'tkilley qi'yali'y obrazlar boli'p, wolar tawsi'lmaytug'i'n ku'sh-qu'diretke iye, joqari' pazi'yletlerge iye boladi'. Xali'q

awi’zeki do’retiwshiliginde bati’rlar usi’nday xarakterde. «Alpami’s» da’stani’ndag’i’ Alpami’s, «Go’rug’li’» da’stani’ndag’i’ Go’rug’li’ obrazlari’ da a’psanali’q qaharmanlar.

Simvolli’q obrazlar-predmetler, wo’simlikler, zatlar, ja’niwarlar, ren’ler arqali’ sotsialli’q ha’diyselerdi uli’wmalasti’ri’w boli’p tabi’ladi’. Wolardan, kepter-ti’ni’shli’q belgisi, gu’l ha’m bu’lbil-ashi’q - mashi’qti’n’ belgisi, qi’zi’l ren’ azatli’q belgisi. t.b.

Ko’rkem shi’g’armalarda bunday obrazlar da gezlesedi. Mi’sali’: Asqad Muxtar «Shi’nar» romani’nda Shi’nar simvolli’q obrazi’ arqali’ wo’zbek xalqi’na silteydi. Uyg’i’n wo’zinin’ «ti’ni’shli’q kepteri» qosi’g’i’nda kepterdi ti’ni’shli’q belgisi, milletlerdin’ qanatlang’an arzi’wi’ si’pati’nda ko’rsetedi.

Simvolli’q obrazlardi’n’ ja’ne bir topari’ allegoriyali’q obrazlar dep ataladi’. Allegoriyali’q obrazlar usi’ menen xarakterlenedi, bunda qus, haywan, t.b. insanlarg’a ta’n bolg’an qa’siyetlerge iye qi’li’p ko’rsetiledi, basqasha qi’li’p aytqanda, wolar insani’ylasti’ri’ladi’ ha’m sol arqali’ turmi’stag’i’ ayi’ri’m adamlardi’n’ kemshilikleri u’stinen ku’ledi.

Mifologiyali’q obrazlar- mifologiya (a’psana) tiykari’nda jarati’lg’an asortiy obrazlar. Mifologiyali’q obrazlar insan ta’biyati’na qarsi’ gu’reste a’zzi boli’p, wondag’i’ ha’diyselerdi qandaydur ta’biyattan ti’s, adamlarg’a sali’sti’rg’anda jaqsi’ ha’m jawi’z bolg’an ruwxlar basqaradi’ dep woylag’an ata-babalar ta’repinen jarati’lg’an. Mifologiyali’q obrazlarda realistik elementler boladi’ wolar bolmi’sti’n’ fantastikali’q ko’rinisi ha’m arzi’w-u’mitlerdin’ ko’rkem su’wretlemesi boli’p yesaplanadi’. Mi’sali’, a’yyemgi grek mifleri- Antey, İkar, Dedal ha’m Prometey haqqi’nda miflerde jarati’lg’an obrazlarda xali’q arzi’w-a’rmanlari’ a’psanali’q qabi’qqa worap berilgen. A’yyemgi Worta Aziya, İran ha’m Arabstanda jarati’lg’an Kayumars, Jamshid, Mitra ha’m basqa mifologiyali’q obrazlar ju’da’ belgili. «Shaxnama», «Xamsa» ha’m wo’zbek xali’q da’stu’rlik da’stanlari’nda jarati’lg’an qudaylar, da’wler, periler ha’m asortiy obrazlarg’a mi’sal boladi’.

2. A’debiy tu’rler ha’m janrlar talabi’na qaray ko’rkem obrazlardi’n’ to’mendegi tu’rleri bar: lirik, epik, dramatik obrazlar. Lirikali’q qosi’qlardi’n’ qaharmanlari’ lirikali’q obraz yaki lirikali’q qaharman dep ju’rgiziledi.

3. Shi’g’arma toqi’masi’nda tutqan worni’na qaray obrazlardi’n’ tu’rleri iri ko’lemli yag’ni’y epikali’q, dramali’q shi’g’armalarda bas ha’m ja’rdemshi obrazlar boladi’. Shi’g’arma waqi’yalari’ni’n’ worayi’nda turi’p, syujetti ha’reketke keltiretug’i’n, jazi’wshi’ su’wretlemekshi bolg’an tiykarg’i’ ideyani’ wo’zinde ja’mleytug’i’n shaxslar bas obraz yaki bas qaharman dep ataladi’. Sonday-aq, bazi’bir shi’g’arma worayi’nda barabar a’hmiyetke iye bolg’an yeki yaki wonnan arti’q obrazlar turadi’. Mi’sali’: «Qaraqalpaq da’stani’» romani’ndag’i’ Maman biy, Esengeldi, Murat shayi’q, obrazlari’ turadi’. Bular-tiykari’g’i’ obrazlar yaki jaqi’n obrazlar dep ataladi’.

Ko’rkem shi’g’armada belgili bir ideani’ su’wretlewshi, ju’da’ kem qatnasqan obrazlar-epizodli’q personajlar yaki ja’rdemshi obrazlar deyiledi.

4. A’debiyat turmi’sti’ yeki tu’rli jol menen izertleydi: biri tasti’yqlaw, yekinshisi-biykarlaw. Usi’g’an qaray obrazlar da bir birinen pari’q qi’ladi’. Turmi’sti’n’ jazi’wshi’ ideali’na muwapi’q ta’replerin tasti’yqlaw ushi’n shi’g’arma kiritilgen obrazlar-unamli’ obrazlar dep ju’rgiziledi. Turmi’sti’n’ belgili bir ta’repin biykar qi’li’w ushi’n xi’zmet qi’latug’i’n obrazlar- unamsi’z obrazlar boli’p tabi’ladi’. Mi’sali’, Berdaqti’n’ ″Aqmaq patsha″ da’stani’nda shayir ideali’ Gu’lim obrazi’ arqali’ berilse, turmi’sti’n’ biykar qi’li’natug’i’n ta’repi Aqmaq patsha ti’msali’nda su’wretlengen.

Realistik shi’g’armalarda bazi’da ju’da’ quramali’, ju’da’ qarama-qarsi’li’qli’ obrazlar da ushi’raydi’. Belgili rus jazi’wshi’si’ L.N.Tolstoydi’n’ ko’rsetkeni’ndey «Adamlar da’ryaday ga’p: ha’mmesinin’ suwi’ birdey ha’mme jerde usi’ suw, lekin da’rya ga’hi ken’ boladi’, ga’hi tar, gahi tez ag’adi’, ga’hi a’sten, suwi’ geyde ti’ni’q boladi’, geyde i’lay, geyde suwi’q, geyde ji’lli’ boladi’. Adamlar da sonday. Si’rttan qarag’anda, bir adam basqa bir adamg’a uqsap ketiwi de mu’mkin, biraq zeyin sali’p qaralsa, usamaydi’ ha’r bir adam wo’zine ta’n bir du’nya». A’debiyati’mi’z qaharmanlari’ haqqi’nda da usi’

ga’plerdi ta’krarlaw mu’mkin: ko’rkem obrazlar sonday da’rejede ha’rqi’yli’, wolardi’ tek sha’rtli ra’wishte g’ana usi’nday klassifikatsiya qi’li’p u’yrenemiz. Obraz-ko’rkem woylap tabi’wshi’li’q wol bir ret g’ana jarati’ladi’. Sol sebepli, a’debiy qaharmanlardi’ tuwri’ kelse-kelmese unamli’ ha’m unamsi’z tu’rge aji’rata beriw zi’yanli’-bunday ha’reket ko’rkem obrazlardi’ bir da’stu’rge sali’p qoyi’w qa’wipin tuwdi’radi’. A’debiyat bolsa turmi’s si’yaqli’ hesh qanday sxema –qa’libin qabi’l yetpeydi.

5. Ku’ldirgi shi’g’armalarda, tiykari’nan, satirali’q ha’m komik-yumoristik obrazlar jetekshilik qi’ladi’. Satirali’q obraz tiykari’nan unamsi’z obrazg’a usap ketsede ha’r yeki tiptegi obrazlar ja’rdeminde turmi’stag’i’ adamlar yaki turmi’stag’i’ ha’diyseler si’naladi’, wolar wortasi’nda printsipial parqlar da bar: unamsi’z obrazda turmi’stag’i’ ha’diyseler biykar qi’li’nsa da ku’lki ali’nbaydi’-jazi’wshi’ wolar u’stinen ashi’qtan-ashi’q ku’lmeydi. Satirali’q obrazlarda bolsa, kerisinshe, turmi’stag’i’ kemshilikler u’stinen ku’liw, sarkazm, masqaralaw usi’li’ jetekshilik qi’ladi’. Satirali’q obrazdi’n’ ha’reketleri ha’m a’detlerinen adam jaqti’rmaydi’, wolardan jerkenedi.

6. A’debiy shi’g’armalarda qatnasi’wshi’ ha’r bir shaxs ha’m waqi’ya rawajlani’wi’nda wonshelli a’hmiyetli rol woynamaytug’i’n epizodli’q obraz personaj dep ju’rgiziledi. Ko’rkem shi’g’armalarda bir-biri menen baylani’sli’ obrazlar ji’ynag’i’ obrazlar sistemasi’ dep ataladi’. Shi’g’armadag’i’ belgili bir toparg’a tiyisli obrazlar bolsa obrazlar galereyasi’ deyiledi. Mi’sali’: unamli’ obrazlar galereyasi’, unamsi’z obrazlar galereyasi’ t.b.

## I.3. Ko'rkem obraz ha'm woni'n' estetikali'q tiykarlari'.

Ha'r qanday ko'rkem obraz o'zinin' estetikali'q qa'siyetlerine, belgilerine iye boladi'. Ko'rkem obrazdi'n' estetikali'q qa'siyetlerin ashi'w ushi'n estetika tu'sinigine tallaw jasaw kerek.

Estetika atamasi' a'yyemgi grek tilinen ali'ng'an boli'p, so'zlik ma'nisi boyi'nsha sezim, tuyg'i' degendi an'latadi'. Terminologiyali'q ma'nisi boyi'nsha estetika ja'miyettegi ha'm ta'biyattag'i' qubi'li'slardi', uli'wma si'rtqi' du'nyani' go'zzalli'q, ko'rkemlik ni'zamlari' boyi'nsha u'yrenetug'i'n ilim. Estetika soni'n' ishinde ko'rkem shi'g'armalardi' da go'zzalli'q, suli'wli'q, ko'rkemlik, uli'wma estetikali'q ko'zqaraslardan u'yrenedi. Ko'rkem shi'g'armalardi' estetikali'q ko'zqaraslardan u'yreniw a'yyemgi da'wirlerde-aq baslang'an. Mi'sali', b.e.sh. antik Gretsiya filosofi' Aristotel o'zinin' ″Poetika″ degen kitabi'nda ko'rkem shi'g'armalardi' XI''X a'sirde rus a'debiyatshi'-ilimpazlari' V.G.Belinskiy (1814-1848), N.G.Cherni'shevskiy (1828-1889) o'z miynetlerinde adamni'n' si'rtqi' ortali'qqa estetikali'q qatnaslari' tuwrali' bahali' oy-pikirler jazi'p qaldi'rdi'. Mi'sali' N.G.Cherni'shevskiy ″Si'rtqi' ortali'qqa estetikali'q qatnaslar″, ″Ko'terin'kilik ha'm komediyali'q″, V.G.Belinskiy ″A.S.Pushkinnin' shi'g'armalari'″, ″Poeziyani'n' tu'rlerge bo'liniwi″ degen miynetlerinde adamni'n' si'rtqi' du'nyag'a estetikali'q qatnaslari' na'tiyjesinde payda bolatug'i'n estetikali'q sezimler ko'terin'ki, go'zzal sezimler tuwrali', sonday-aq jerkenishli, tu'n'iliw yaki ku'lki sezimleri tuwrali' teren' oy-pikirler bildiredi. Bul miynetlerde ko'rkem so'z ustalari'ni'n' qalayi'nsha estetikali'q sezimlerdi men'gerip, solar arqali' si'rtqi' ortali'qqa ja'miyetke, ondag'i' qubi'li'slarg'a o'zlerinin' qatnaslari'n, ko'zqaraslari'n, basqasha aytqanda o'zlerinin' ideyalari'n beriwi tuwrali' ken' tu'rde so'z etiledi. Usi'nday filosof-ali'mlardi'n' ko'rkem estetikali'q pikirleri tiykari'nda ko'rkem shi'g'arma ha'm ondag'i' ko'rkem obrazlar haqqi'nda uli'wmalasqan pikirler, ani'qlamalar ju'zege keledi.

Ko’rkem shi’g’armadag’i’ oy-pikirler, ideyalar, ko’teriletug’i’n ma’seleler- ha’mmesi ko’rkem forma arqali’, yag’ni’y ko’rkem obrazlar arqali’ beriledi. Usi’ ko’rkem obrazlarg’a shi’g’arma avtori’ni’n’ oy-pikirleri turmi’sqa bolg’an ko’zqaraslari’ sin’diriledi. Eger avtordi’n’ aytajaq oy-pikirleri ko’rkem obrazlar arqali’ berilmese, onda olar oy-pikirlerdin’ qurg’aq mag’li’wmatnamasi’, waqi’yalardi’n’ qurg’aq bayanlamasi’ boli’p qaladi’, ko’rkem shi’g’arma da’rejesine ko’terilmeydi.

Ko’rkem shi’g’armani’n’ en’ basli’ sha’rti - bul ko’rkem obraz jarati’w boli’p esaplanadi’.

Ha’r qanday ko’rkem obraz estetikali’q sezimler tiykari’nda jasaladi’. Yeger de obraz adamda (oqi’wshi’da, ti’n’lawshi’da, ko’riwshide) estetikali’q zawi’q oyatpasa, onda oni’ ko’rkem obraz qatari’na jatqari’wg’a bolmaydi’. Basqasha aytqanda ko’rkem obraz adamda su’ysiniw yamasa tu’n’iliw, ko’terin’ki yamasa jerkenishli sezimlerdi, mun’-sher yamasa ku’lki sezimlerin oyati’wi’ kerek. Adamda usi’nday sezimlerdi oyatsa g’ana jazi’wshi’ yaki shayi’r do’retken obraz haqi’yqi’y ko’rkem obraz da’rejesine ko’terile aladi’. Ma’selen, shi’g’armada su’wretlenip ati’rg’an waqi’yalar yaki personajlardi’n’ is-ha’reketleri oqi’wshi’da estetikali’q sezimler oyata almasa, ba’ri bir olar ko’rkem obraz bola almaydi’. Mi’sali’, XIX a’sirdegi qaraqalpaqlardi’n’ Ernazar biy basshi’li’g’i’ndag’i’ xali’q azatli’q gu’resi tariyxi’y shi’g’armalarda toli’q bayanlang’an. Tariyxshi’-ali’m S.Kamalovti’n’ ″XVIII-XIX a’sirlerdegi qaraqalpaqlar″ (1968) degen ilimiy miynetinde ko’terilistin’ baslani’w sebepleri ko’plegen ruwxi’y tiykarlari’, jen’iliw sebepleri ko’plegen mag’li’wmatlar, da’rekler tiykari’nda toli’q bayanlanadi’. Onda ko’terilistin’ bari’si’, aqi’betleri faktlar tiykari’nda toli’q bayanlanadi’. Al, usi’ waqi’ya Berdaqti’n’ ″Ernazar biy″ poemasi’nda pu’tkilley basqasha beriledi. Onda faktlarg’a, mag’li’wmatlarg’a, da’reklerge qarag’anda ko’rkem oy-pikir, yag’ni’y tariyxqa estetikali’q qatnas jasaw basi’m ko’rinedi. Shi’g’armada waqi’yalar tariyxi’y da’rekler tiykari’nda beriledi, biraq olar ko’rkem su’wretlewler, boyawlar, obrazlar arqali’ sa’wlelenedi.

Estetika ko’rkem - emotsional sezimlerdi uqsas tiplerge ja’mlep, ha’r qi’yli’ estetikali’q kategoriyalarg’a bo’ledi. Si’rtqi’ du’nyag’a, si’rtqi’ ortali’qqa, turmi’sqa, waqi’yalarg’a, adamlarg’a estetikali’q (ko’rkem-emotsional) qatnas jasawdi’n’ na’tiyjesinde suli’w, su’ykimli jag’i’mli’, ju’rekti go’zzalli’qqa toli’qti’ratug’i’n sezimler payda boladi’. Bunday sezimlerdin’ ji’yi’ndi’si’na estetikada go’zzalli’q kategoriyasi’ (ni’zami’) dep ataydi’. Go’zzalli’q ni’zami’ tiykari’nda jarati’lg’an ko’rkem obraz adamda su’ysiniw, unati’w, suli’w sezimlerdi oyatadi’. Mi’sali’, A’jiniyazdi’n’ sadi’q, hadal muhabbat iyesi bolg’an lirikali’q qaharmani’ni’n’ obrazi’ kewilde go’zzal sezimler oyatadi’. Al,epikali’q shi’g’armalarda qaharmanlardi’n’ insani’yli’q, watan su’yiwshilik is-ha’reketleri, xarakterleri adamda su’yiwshilik, go’zzalli’q sezimlerin oyatadi’. Mi’sali’, Berdaqti’n’ ″Aqmaq patsha″ da’stani’nda Gu’lim o’z atasi’na mehriban, qayi’rqom, wo’z basi’ni’n’ erkinligi, hu’jdani’ni’n’ tazali’g’i’ ushi’n qori’qpastan gu’resedi. Woni’n’ is-ha’reketleri oqi’wshi’da su’ysiniw sezimlerin oyatadi’. Demek, Gu’lim obrazi’ ha’m sog’an usag’an obrazlar go’zzalli’q ni’zamlari’ tiykari’nda jarati’lg’an boli’p esaplanadi’.

Soni’n’ menen birge ayi’ri’m shi’g’armalardi’ oqi’g’anda ko’terin’ki, tolqi’nlani’w, su’ysiniw, maqtani’sh sezimlerin keshiriw mu’mkin. Bunday estetikali’q sezimlerdi ko’terin’kilik kategoriyasi’ (ni’zami’) dep ataydi’. Mi’sali’, A’jiniyazdi’n’ ″Ellerim bardi’″, ″Bardur″ usag’an maqtaw-ta’riyip qosi’qlari’, ma’mleketlik gimnler ko’terin’kilik ni’zamlari’ tiykari’nda jazi’ladi’. Wolarda shayi’r wo’z elin, xalqi’n, Watani’n, jer-suwi’n ko’terin’ki ha’m tolqi’nlani’w, u’lken maqtani’sh sezimleri menen ji’rlaydi’. Gez kelgen waqi’ya yamasa ja’miyetlik qubi’li’s ko’terin’kilik ni’zamlari’ menen ji’rlana bermeydi. ″Ku’ndelikli a’piwayi’ turmi’s shegarasi’na si’ymaytug’i’n u’lken ja’miyetlik waqi’yalar, qubi’li’slar, qatardag’i’ adamni’n’ is-ha’reketi o’lshemlerinen a’dewir asi’p ketetug’i’n qaharmanli’q isleri ko’rkem a’debiyatta ko’terin’ki

su’wretlewdin’ ni’shanasi’ bola aladi’. Ko’terin’ki su’wretlewler oqi’wshi’ni’ tolqi’nlandi’ri’p, suli’w, ko’terin’ki sezimlerdi oyata aladi’″.[4]

Estetikali’q sezimler qatari’nda a’hmiyetli ori’ng’a iye tu’ri-bul qayg’i’-ha’siret, mun’-sher sezimleri. Wolardi’ estetikada tragediyali’q ni’zamlari’na jatqaradi’. Tragediya termini a’yyemgi grek a’debiyati’nda qa’liplesken boli’p, so’zlik ma’nisi boyi’nsha eshkinin’ qosi’g’i’ (tragos-eshki, ode-qosi’q) degendi an’latadi’. Tragediyani’n’ tiykari’nda kelisimge kelip bolmaytug’i’n keskin qarama-qarsi’li’qlar jatadi’. Wolar ko’rkem shi’g’armada jeke qatnasi’wshi’lar arasi’nda ko’rsetiledi, biraq u’lken ja’miyetlik mazmundi’ an’latadi’. “Tragediyadag’i’ konflikt ju’da’ keskin, g’a’zepli boli’w menen birge, ol barli’q waqi’tta ja’miyetlik-siyasiy rawajlani’w, adamzatti’n’ aldi’n’g’i’ ruwxi’y turmi’si’ menen baylani’sli’ halda sheshiledi. Soni’n’ ushi’n da tragediyada insanni’n’ sotsialli’q turmi’si’ni’n’, oni’n’ tariyxi’y rawajlani’wi’ni’n’ a’hmiyetli ma’seleleri filosofiyali’q ta’rizde sheshiledi. Turmi’stag’i’ mayda-shu’yde waqi’ya-ha’diyseler, jergilikli yaki jeke ma’pke tiyisli kolliziyalar tragediya ushi’n tiykar bola almaydi’.”[5]

A’debiyattani’wda *tragediyali’q* penen *tragediya* terminleri bar dep tu’sinilmeydi, olar aji’rati’ladi’. A’debiyattani’wda tragediya-degende aqi’beti, orni’ tolmaytug’i’n jog’alti’wlar menen tamamlanatug’i’n, tragediyali’q oy-sezimlerge toli’ dramaturgiyali’q shi’g’armalar topari’na aytami’z, yag’ni’y tutas bir a’debiy janrdi’ tu’sinemiz. Wol a’debiyatti’n’ tek dramaturgiya tu’rine tiyisli janr.

Al tragediyali’q degende barli’q janrlardag’i’ shi’g’armalarda (roman, povest, poema, lirika h.t.b.) ushi’rasatug’i’n qayg’i’li’ wori’nlardi’, a’debiy termin menen aytqanda tragediyali’q pafosti’ tu’sinemiz. mi’sali’, berdaqti’n’ ″Amangeldi″, ″Aydos baba″, ″Yernazar biy″ poemalari’nda qaharmanlardi’n’ turmi’si’na, ta’g’dirine baylani’sli’ qayg’i’li’ ori’nlar bar. Wolar

[4] Axmetov S., Esenov J., Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’w atamalari’ni’n’ ori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi. No’kis, ″Bilim″, 1994, 40-bet.

[5] Hatamov N., Sarimsoqov B. Adabiyotshunoslik terminlarining ruscha-wzbekcha izoh’li lug’ati. Toshkent, ″Wqituvchi″, 1970, 315-bet.

shi'g'armadag'i' tragediyali'q pafos boli'p esaplanadi'. Al baspa so'zde 1990-ji'llari' jari'q ko'rgen To'resh Allanazarovti'n' ″Aydos baba″, To'lepbergen Qayi'pbergenovti'n' ″Aydos baba″ (Mi'n' tillag'a bahalang'an gelle), Ayladur O'ta'lievtin' ″Ernazar alako'z″ dramali'q shi'g'armalari' tragediyalar boli'p esaplanadi'. Olar dramaturgiyani'n' tragediya janri'na tiyisli shi'g'armalar. Soni'n' ushi'n da bunday shi'g'armalardi'n' topari'n trageidya dep ataydi'.

Estetikada qaharmanli'q kategoriyasi' (ni'zami') degen tu'sinik bar. Turmi'sta yaki ko'rkem shi'g'armada qanday da tariyxi'y adamni'n' yamasa bas qaharmanni'n' joqari' maqsetler joli'nda atqarg'aan iygilikli is-ha'reketleri, a'ddettegiden ti'sqari' isleri su'ysiniwshilik ha'm go'zzal sezimler oyatadi'. ″Qaharmanli'q jeke adamni'n', adamlar topari'ni'n', ja'miyetlik qatlamni'n', pu'tkil ja'miyettin' ku'ndelikli turmi's shegaralari'nan shi'g'i'p ketetug'i'n bati'rli'q is-ha'reketlerin sa'wlelendiretug'i'n estetikali'q kategoriya. Biraq bul bati'rli'q is-ha'reketler belgili bir xali'qli'q, ja'miyetlik wazi'ypalar, adamgershilik talaplar za'ru'rliginen kelip shi'g'i'p iske asi'ri'lsa g'ana qaharmanli'q qa'siyetlerge iye boladi'. Ha'r qanday bati'rli'q, da'wju'reklilik, adamgershilik qa'siyetler tiykari'nda iske asi'ri'lmasa, olar qaharmanli'q qa'siyetlerge iye bola almaydi'. Aytayi'q, qaraqshi'lar, ti'ni'sh eldi tonawshi' baspashi'lar hayran qalarli'q bati'rli'q ko'rsetiwi mu'mkin, biraq olardi'n' bati'rli'q is-ha'reketleri adamgershilik o'lshemlerge qayshi' keledi, sonli'qtan olardi' qaharmanlar dep, al olardi'n' is-ha'reketlerin qaharmanli'q dep bahalawg'a bolmaydi'″.[6] Mi'sali', xali'q qaharmanli'q da'stanlari' ″Qi'ri'q qi'z″dag'i' Gu'layi'm, Sa'rbinaz, Ari'slanni'n', ″Alpami's″tag'i' Alpami'sti'n', ″Qoblan″dag'i' Qoblanni'n' is-ha'reketleri, ko'rsetken bati'rli'q isleri jaqsi' niyetlerge, iygilikli maqsetlerge qarati'lg'an. Olar o'z xalqi', eli ushi'n, olardi'n' g'a'rezsizligi, erkinligi, ar-nami'si' ushi'n ayanbastan, pida'kerlik penen gu'resedi. Sonli'qtan da olardi'n' ko'rsetken bati'rli'q isleri qaharmanli'q is-ha'reketler dep bahalanadi', olardi'n' obrazlari' qaharmanli'q obrazlar dep

---

[6] Axmetov S., Esenov J., Ja'rimbetov Q. A'debiyattani'w atamalari'ni'n' ori'ssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi. No'kis, 1994, 53-54-betler.

ataladi’. Berdaqti’n’ ″Amangeldi″, ″Ernazar biy″ poemalari’nda da usi’ ati’ atalg’an bati’rlar xali’q nami’si’ ushi’n, xali’q erkinligi ushi’n pida’kerlik penen gu’resedi, Asan biy, Ernazar biyler ha’tteki usi’ iygilikli ha’m joqari’ maqsetler joli’nda wo’z janlari’n qurban etedi. Bul obrazlar qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ haqi’yqi’y qaharmanli’q obrazlar boli’p tabi’ladi’.

Ko’rkem shi’g’armada su’wretlengen yamasa ji’rlang’an qaharmanli’q isler, qaharmanli’q obrazlar oqi’wshi’da (ti’n’lawshi’da yaki ko’riwshi tamashago’yde) su’ysiniw, unati’w usag’an ji’lli’ ha’m suli’w sezimlerdi oyatadi’. Usi’ jag’i’nan qaharmanli’q obrazlar estetikani’n’ go’zzalli’q ni’zamlari’ talaplari’na da juwap bere aladi’. Mi’sali’, Asan biy, Amangeldi, Ernazar biy, Gu’layi’m, Sa’rbinaz obrazlari’ qaharmanli’q obrazlar, soni’n’ menen birge olar unamli’, go’zzal sezimler de oyata aladi’. Biraq go’zzal, suli’w sezimlerdin’ barli’g’i’ qaharmanli’q kategoriyasi’na kire bermeydi. Mi’sali’, ju’rekte miyrim-sha’pa’a’t, jaqsi’li’q, muhabbat sezimlerin, watandi’, xali’qti’ maqtani’sh etetug’i’n sezimlerdi oyatatug’i’n shi’g’armalardi’ yaki obrazdi’ go’zzalli’q kategoriyasi’na jatadi’, biraq olar qaharmanli’q obrazg’a tiykar bola almaydi’. Aytayi’q, A’jiniyazdi’n’ ″Bir janan″, ″Go’zzallar″, ″Bir pa’riy″, ″Bozatawli’ na’zelim″ qosi’qlari’nda muhabbat sezimleri beriledi ha’m sol tiykarda lirikali’q qaharmanni’n’ go’zzal obrazi’ jarati’ladi’, biraq ol qaharmanli’q obraz bola almaydi’. Al, Berdaqti’n’ ″Amangeldi″ poemasi’ndag’i’ Asan biy, Amangeldi bati’rlardi’n’ is-ha’reketleri a’piwayi’ adamlardi’n’ is-ha’reketlerinin’ shegarasi’na si’ymaytug’i’n, olardan anag’urli’m asi’p tu’setug’i’n is-ha’reketlerdi, yag’ni’y bati’rli’q islerdi atqaradi’. Soni’n’ ushi’n da olardi’n’ obrazlari’ qaharmanli’q obrazlar boli’p esaplanadi’.

Estetikada komediyali’q kategoriyasi’ degen tu’sinikte qollani’ladi’. Bul termin o’zlik ma’nisi boyi’nsha a’yyemgi grek tilindegi komos - kewilli alaman, topli’m, ode - qosi’q degendi an’latadi’. Komediyali’q kategoriya si’rtqi’ ortali’qti’ komediyali’q usi’lda sa’wlelendiriwdin’ bir formasi’, yag’ni’y si’rtqi’ ortali’qqa, su’wretlenetug’i’n obektke ideyali’q-emotsionalli’q qatnas jasawdi’n’

bir tu’ri. Komediyali’q usi’l menen obraz jaratqanda ja’miyettegi qubi’li’slardi’n’, waqi’yalardi’n’ yamasa adamni’n’ minez-qulqi’ndag’i’, ju’ris-turi’si’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qlar, ersilikler, u’ylesiksiz jag’daylar tiykar etip ali’nadi’. Komediyali’q obrazlar ashi’w-i’za, g’a’zep-qa’ha’r sezimlerin yamasa ashshi’, mi’sqi’lli’ (ironiyali’q) ku’lki sezimlerin, sonday-aq ha’zil-da’lkek (yumor) sezimlerin oyatadi’. Mi’sali’, Ku’nxojani’n’ ″Tu’ye ekensen’″, ″So’k sanar″, Berdaqti’n’ ″Ka’lan usta″, O’teshtin’ ″Nuratdin″, ″Qari’z alma″ qosi’qlari’nda ja’miyetlik kemshilikler, illetler qaralanadi’, ayi’ri’m adamlardi’n’ ersi yamasa xali’q ideali’na qarsi’ minez-quli’qlari’ a’shkara etiledi.

Joqari’da atap o’tilgen estetikali’q ni’zamlar (kategoriyalar) tiykari’nda ko’rkem a’debiyatta ha’r qi’yli’ obrazlar jarati’ladi’. Mi’sali’, tragediyali’q obrazlar, qaharmanli’q obrazlar, komediyali’q obrazlar, soni’n’ ishinde satirali’q ha’m yumorli’q obrazlar. Demek, bul obrazlardi’n’ ha’mmesi jazi’wshi’ni’n’ (shayi’rdi’n’) si’rtqi’ ortali’qqa, uli’wma si’rtqi’ du’nyag’a, ja’miyetke, turmi’sqa, jeke adamg’a, ta’biyatqa ha’m oni’n’ ko’rinislerine, qubi’li’slari’na estetikali’q jantasi’w arqali’, olardi’ estetikali’q sezimler ha’m ko’zqaraslar menen tani’w arqali’ jarati’ladi’. Ko’rkem a’debiyatta yamasa uli’wma ko’rkem o’nerde estetikali’q ni’zamlar tiykari’nda jasalg’an obrazlar oqi’wshi’da, ti’n’lawshi’da, ko’riwshide estetikali’q sezimler oyata aladi’. Mi’sali’, qayg’i’-ha’siret, mun’-sher, unamli’, suli’w, ko’terin’ki yamasa ku’lki, ha’zil-da’lkek sezimleri ko’rkem o’ner yamasa ko’rkem a’debiyat shi’g’armasi’ menen tani’si’wdi’n’ bari’si’nda payda boladi’.

# II Bap. XX A’SIR QARAQALPAQ A’DEBIYATI’NDA DINIY AG’ARTI’WSHI’LAR OBRAZI’

## II.1. T. Qayi’pbergenovti’n’ Qaraqalpaq da’stani’ trilogiyasi’nda diniy ag’arti’wshi’lar obrazi’.

Ko’rkem a’debiyatta turmi’s waqi’yalari’ obrazlar ja’rdeminde jarati’ladi’. Ko’rkem obraz degende tiykari’nan insan obrazi’ tu’siniledi. Jazi’wshi’ shayi’rlar obraz arqali’ tek g’ana ja’miyetlik rawajlani’wdi’n’ uli’wmali’q belgilerin sa’wlelendirip qoymastan, shi’g’armag’a qatnasi’wshi’ qaharmanlardi’n’ jeke minez quli’q belgilerin de ashi’p beredi. Bul a’sirese roman janri’nda ayqi’n ko’zge taslanadi’. “Romanni’n’ janrli’q wo’zgesheliklerinin’ biri woni’n’ basqa barli’q a’debiy janrlarg’a qarag’anda turmi’s haqi’yqatli’g’i’n ken’irek ha’m toli’g’i’raq qamti’y ali’wi’nda, woni’n’ barli’q ta’replerin qosa su’wretley woti’ri’p, wog’an tiyisli faktler, waqi’yalar ha’m xarakterlerdin’ bay kompleksin bir shi’g’armada wolardi’n’ wo’z-ara organikali’q baylani’si’nda bere ali’wi’nda boli’p tabi’ladi’.”[7]

XX a’sirde do’retilgen romanlarda realistlik obrazlardi’n’ sistemasi’, wolardi’n’ ha’r birinin’ wo’zinshelik qa’siyetleri, individualli’g’i’ ayqi’n ko’rinip turadi’. Soni’n’ menen birge bul da’wirdegi romanlarda diniy-ag’arti’wshi’lardi’n’ da ko’rkem obrazlari’ ha’r qi’yli’ formalarda wo’z ko’rinisin tapqan.

Ag’arti’wshi’ so’zinin’ ma’nisi “xali’q arasi’nda u’git na’siyat apari’wshi’, sawatlandi’ri’w isi menen shug’i’llani’wshi’ ”[8] degendi bildiredi. Demek diniy-ag’arti’wshi’lardi’n’ ko’rkem obrazi’ degende din, aqil-na’siyat ha’m bilimlendiriw joli’nda ha’reket etken tulg’alardi’ tu’sinemiz. “Shi’g’i’s xali’qlari’ni’n’ a’debiyati’nda ag’artiw-didaktikali’q shi’g’armalar u’lken wori’ndi’ iyeleydi.”[9] Didaktizm-dep jazadi’ a’debiyatshi’ ilimpaz J. Nari’mbetov-…Bunda ha’r janrdi’n’, ha’r obrazdi’n’ ta’lim-ta’rbiyali’q

---

[7] Nari'mbetov J. Jan’a estetikali’q sheklerge qaray, No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1985, 120-bet

[8] Qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zligi. To’rt tomli’q. I. A-V. No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1982, 26-bet.

[9] Sultanov Q. T. Qayi’pbergenovti'n' prozasi’. No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1972, 15-bet.

xarakteri ashi’qtan-ashi’q ko’rinip turadi’.[10] T. Qayi’pbergenovti’n’ prozali’q shi’g’armalari’na ayi’riqsha ta’sir yetken da’stu’rlerdin’ biri ag’arti’w-didaktikali’q poeziyani’n’ da’stu’ri boli’p tabi’ladi’[11]-dep atap wo’tken yedi a’debiyatshi’ ilimpaz Q. Sultanov.

T.Qayi’pbergenov - ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ yen’ iri wa’killerinin’ biri. Wol ken’ qatlam woqi’wshi’lar ja’miyetshiligine, xalqi’mi’zg’a talantli’ prozaik, a’debiyatshi’, kritik, awdarmashi’, uqi’pli’ pedagog - woqi’ti’wshi’ ha’m ja’miyetlik isker si’pati’nda da ken’nen belgili. Ti’ni’msi’z izleniwler arqasi’nda kewillerge yosh ha’m la’zzet bag’i’shlawshi’ shi’g’armalari’ T.Qayi’pbergenovti’n’ ati’n du’nyani’n’ ko’pshilik xali’qlari’na tani’tti’.Woni’n’ prozali’q shi’g’armalari’ xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’nda ken’ wori’n iyeledi. Maman biy, Aydos, Ernazar alako’z, Esengeldi ha’m basqalar wo’z aldi’na qaytalanbaytug’i’n tipik obrazlar si’pati’nda sanami’zg’a sin’di. Sebebi jazi’wshi’ shi’g’armalari’nda milliy wo’zgesheligimizdi, u’rp-a’detlerimizdi, da’stu’rlerimizdi sheberlik penen ashi’p bere alg’an. A’sirese “Qaraqalpaq da’stani’” trilogiyasi’ni’n’ jari’qqa shi’g’i’wi’ menen ja’miyetshiliktin’ di’qqati’n wo’zine tartti’. Sebebi wonda XVIII a’sirden baslani’p, XIX a’sirdin’ birinshi yari’mi’na shekemgi arali’qtag’i’ tariyxi’y waqi’yalardi’ sa’wlelendiredi. Bul trilogiya jo’ninde avtor: Go’ne kitaplardi’n’ betlerin aqtardi’m, shi’m-shi’ti’ri’q yeski jollarg’a ga’ mashinadan, ga’ samoletten na’zer tasladi’m, qa’birler basi’nda turi’p woylarg’a batti’m, jasi’mda ti’n’lag’an a’psanalari’m menen tariyxi’y dereklerdi sali’sti’rdi’m, yeger wolar bir alti’n tu’ymenin’ shashi’rap si’ng’an bo’lekleri shelli ko’rinse, woti’ra sala zergerlik yettim. Tek kepserlewshi zerger bolmadi’m, sol alti’n tu’ymeni wo’z u’lgisinde, zamani’na ta’n qa’siyeti menen qayta soqti’m. Tabi’lmay, alasi’pi’ran da’wir u’rginine ko’milip ketken qi’yi’ndi’lari’ni’n’

---

[10] Nari'mbetov J. Jan’a estetikali’q sheklerge qaray, No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1985, 108-bet.

[11] Sultanov Q. T. Qayi’pbergenovti'n' prozasi’. No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1972, 14-bet.

worni’n wo’zim toli’qti’rdi’m. Al tabi’lg’anlari’ni’n’ u’ylesiklerin jondi’m, arasi’nda taslag’anlari’m da boldi’ –dep jazadi’.[12]

T. Qayi’pbergenov ko’rkem a’debiyat tarawi’ndag`i’ xi’zmetleri ushi’n Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaqstan respublikali’q, Hamza ati’ndag’i’ O’zbekistan Ma`mleketlik si’yli’qlari’n aldi’. Bunnan basqa wol 1986-ji’li’ “Qaraqalpaq da’stani’” trilogiyasi’ ushi’n buri’ng’i’ awqamni’n’ ma’mleketlik si’yli’g’i’na, “Qaraqalpaqnama” roman-essesi ushi’n M.Qashg’ariy ati’ndag’i’ jer ju’zlik (Orta Aziya) si’yli’qqa miyasar boldi’. Oni’n’ Qaraqalpaq da’stani’ trilogiyasi’ni’n’ birinshi kitabi’ “Maman biy a’psanasi’” 1968-ji’li’ basi’lg’an bolsa, yekinshi kitabi’ “Baxitsizlar” 1971-ji’li’, u’shinshi kitabi’ “Tu’siniksizler” 1976-ji’li’ basi’p shigari’ldi. Bunnan keyin de bul do’retpe 1979, 1989-ji’llari’ qayta basi’ldi’.Roman rus, wo’zbek, qazaq, tu’rkmen tillerine awdari’ldi’. Bul do’retpeni qaraqalpaq a’debiyatshi’ ali’mlari’ menen birge wo’zbek ilimpazi’ P.Shermuxammedov, wori’s ilimpazi’ Zoya Kedrina, T.Dabi’dova ha’m basqalar izertledi. Trilogiyada qaraqalpaq xalqi’ni’n’ XVIII, XIX a’sirlerdegi turmi’si’ tariyxi’y faktler tiykari’nda ko’rkem tilde ashi’p berilgen. Romanni’n’ birinshi kitabi’nda tiykarg’i’ worayda XVIII a’sirdegi qaraqalpaq bati’ri’ Maman biydiy tariyxi’y ha’reketi turadi’. 1743-ji’li’ qaraqalpaq elshileri Maman biydin’ basshi’li’g’i’nda patsha Rossiyasi’na qosi’li’w niyetinde Peterburgqa baradi’. Romanda barli’q waqi’yalar mine, usi’ tariyxi’y haqi’yqatli’q a’tirapi’na quri’lg’an. Romanni’n’ syujeti ju’da’ ko’p planli’. Syujettin’ tiykarg’i’ joli’ Maman biy a’tirapi’nda rawajlansa, woni’n’ geypara tarawlari’ Abi’lqayi’r, Murat shayi’q, Amanli’q, I’ri’squl biy, Yesengeldi, Ayg’ara biy ha’m basqalardi’n’ ha’reketleri menen ti’g’i’z baylani’sli’. Biraq, wolardi’n’ ha’mmesi Maman biy obrazi’ni’n’ a’tirapi’nda boli’p wo’tedi. Trilogiyani’n’ yekinshi kitabi’ – “Baxi’tsi’zlar” romani’. Romanda Aydos biy, Yesengeldi biy, To’remurat suwpi’, Muxammed

---

12 Qayi’pbergenov T. Qaraqalpaq da’stani’, t. III, Tu’siniksizler, No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1976, 4-bet.

A’min xan, Muxammed Raxim, Begis, Mi’rji’q, Qumar, I’rza, To’re, Ernazar, Ku’nxoja h.t.b. tariyxta bolg’an adamlar bar. Romanni’n’ u’shinshi kitabi’- “Tu’siniksizler” Yernazar alako’zdin’ wo’z xalqi’ni’n’ basshi’si’ boli’p, Xiywa xanli’g’i’ zuli’mli’g’i’na qarsi’ ali’p barg’an gu’reslerin su’wretlewge arnalg’an.

“T. Qayi’pbergenovti’n’ wo’zinsheligi qaharmanlari’ni’n’ ali’ni’w jag’dayi’ni’n’ sol tiplik jag’dayda woni’n’ xarakterinin’, woylawi’ni’n’, du’nya tani’wi’ni’n’ adamlar menen qatnasi’ni’n’ da tiplik boli’p beriliwine kewil bo’ledi. Qaharmanlari’n ku’ta’ qarama-qarsi’li’qli’, ishki mazmun jag’i’nan da, si’rtqi’ turmi’s penen qatnasi’ jag’nan da shiyelenisken, quramali’ turg’i’dan ashi’p beredi. Buni’ qaharmanlari’ni’n’ woyda joq ha’reketlerinen, ha’dden ti’s ketken haq kewili menen birge qosi’lg’an sumli’g’i’, geyde go’dekligi, geyde miyrimsizligi, geyde isengishligi, geyde isenbewi, t. b. menen woqi’wshi’ni’ hayran qaldi’ri’p woti’radi’.”[13]

T. Qayi’pbergenovti’n’ “Maman biy a’psanasi’” (No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1989) romani’nda to’mengi qaraqalpaq yelinin’ din ha’zireti Murat shayi’qti’n’ obrazi’ wo’z xalqi’ni’n’ ta’g’dirine ashi’natug’i’n, soni’n’ menen birge ta’lim-ta’rbiya, yel birligi ushi’n wo’zin qurban yetetug’i’n qaharman si’pati’nda teren’ ashi’lg’an. Romanni’n’ basi’nda da’slepki ko’zge taslanatug’i’n tariyxi’y adamlardi’n’ biri Murat shayi’q. Murat shayi’q XVIII a’sirdegi qaraqalpaqlardi’n’ qa’siyetli, to’reli adami’ boldi’. “XVIII a’sirdegi rus ra’smiy hu’jjetlerinde qaraqalpaq xalqi’ni’n’ “ataqli’ adamlari’” ni’n’ dizimine shayi’q ha’m xojalar kirgiziledi. Solay yetip, XVIII a’sirdin’ 40-ji’llari’nda barli’q qaraqalpaqlardi’n’ a’wliye (kiyeli) ha’m tani’qli’ adam yesaplang’an Murat shayi’q ta wo’tiledi”.[14] Romanda Murat shayi’q tariyxi’y dereklerge sa’ykes su’wretlenedi. Wo’zinin’ xali’q baxi’ti’ joli’nda islegen pidayi’, qa’siyetleri is-ha’reketleri, xali’q ta’g’dirin sheshiw joli’ndag’i’ to’reli pikirleri menen Murat shayi’q qaraqalpaq xalqi’ tariyxi’nda shaxs da’rejesine jetisken

---

[13] Bahadi'rova S. Roman ha'm da’wir, No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1978, 134-bet.

[14] Kamalov S. Karakalpakii v XVIII-XIX vvekax. Tashkent, "FAN", 1968, str.29.

adam. Tariyxi'y shi'g'armani'n' qunli'li'g'i' sonda, tariyxta bolg'an usi'nday adamlardan is-ha'reketin ko'rsetiw arqali' insanlardi' ka'millikke ta'rbiyalap woti'radi'.

Jazi'wshi' Murat shayi'qti'n' xarakterin ko'rseter yeken, qaharmanni'n' ku'ta' aqi'lli'li'g'i'n, ku'ta' iskerlik penen is ali'p bari'wlari'n, danali'q woylari'n, woni'n' is-ha'reketlerinen, ali'p bari'p ati'rg'an ken'esli ma'sla'ha'tlerinen ha'm sol arqali' qaharmanli'qlari'n ishki tolg'ani'slari'n ashi'p berip woti'radi'. Murat shayi'qti'n' aytqan danali'q so'zleri wo'z uri'wi'ni'n' shen'berinde sheklenbesten, pu'tkil qaraqalpaq xalqi'ni'n' g'ami', ta'g'dirleri boyi'nsha yeldin' ar-nami'si'n qorg'aw tuwrali' na'siyat etedi. Murat shayi'qti'n' xarakterindegi psixologizm ma'selesi biz woni'n' Mamang'a bergen aqi'lli' na'siyatlari'nan, wol tuwrali' woti'nshi' g'arri'lardi'n' gu'rrin'lerinen, Ahidnamani'n' u'lgisin talqi'lawda, Abi'lqayi'rdi'n' topi'li'si'na qarsi' gu'resinde, h.t.b ko'rinedi.

Shi'g'armani'n' basi'nda Murat shayi'q aq boz at u'stinde melle shapanli', aq sa'lleli, aq saqalli', g'arri'li'qtan yen'sesi sa'l du'n'kiygen portretin ko'remiz. Portretlik su'wretlewler arqali' jazi'wshi' shig'armada qaharmanlari'ni'n' tek si'rtqi' kelbetin jaratiw menen sheklenbeydi. Wolardi'n' ishki psixologiyasi'n, qanday ruhi'y halatta, sezimde turg'ani'n sintezlestirip beredi. “Shayi'q tikeydi. Xali'q woni'n' yeki so'ylegenin yesitpegen yedi. Yendi ba'ri qi'yi'n ko'rindi. Ju'zi ko'gerdi. Tili ti'g'i'ldi'. …Basi' qalti'rap yeki qoli'n jaydi'.”(58-bet). Bunda wo'z qarari' menen sha'kirtlerinin' (Maman, Amanli'q) jazag'a tarti'li'wi'na qiynali'p turg'an Shayi'qti'n' ruhi'y halati' toli'q sa'wleleniwin tapqan. «Ha'r qanday do'retpede woni'n' ta'sirliligin ku'sheytiw ha'm qaharmanlar haqqi'nda woqi'wshi'larda ken'irek tu'sinik payda yetiw maqsetinde , sonday-aq, wolardi'n' ishki ruwxi'y psixologiyali'q du'nyasi'n ashi'wda da jazi'wshi' portretlik su'wretlewlerdi qollani'wi' so'zsiz. Sonli'qtan da portret-qaharmanlardi'n' si'rtqi' kelbeti, bet pishiminin' g'ana ma'zi si'zi'la sali'ng'an su'wreti boli'p qalmastan, al wol meyli qa'legen janrdag'i'

shi'g'armalarda da psixologiyali'q xi'zmet atqari'wi' u'lken a'hmiyetke iye»[15]. A'sirese, bul na'rse turmi's shi'nli'g'i'n ken' epikali'q masshtabta su'wretleytug'i'n roman janri'nda u'lken a'hmiyetke iye. Sebebi, romandag'i' ko'p sanli' qaharmanlar bir-birinen tek ha'reketi, so'zleri, ju'ris turi'si' boyi'nsha g'ana yemes, al si'rtqi' kelbeti, dene pishimi boyi'nsha da wo'zine ta'n ayi'rmashi'li'qqa iye boli'wi' kerek. Murat shayi'q bala woqi'ti'w menen birge yeldin' bo'lsheklenbewine, uri'wlar arasi'ndag'i' ala awi'zli'qti' saplasti'ri'wg'a bar ku'sh jigerin jumsaydi'. Woni'n' sociyalli'q ha'm moralli'q du'nya tani'wi' basqa uri'w biylerine sali'sti'rg'anda biraz joqari' beriledi. Usi' wo'zgesheligi xarakteri shayi'qti' basqa uri'w biylerinen aji'rati'p turadi'.

Ko'rkem obraz jasawda adam xarakterin beriw u'lken wori'n iyeleydi. Jazi'wshi' adam obrazi'n yamasa woni'n' daralang'an tipin jasaw ushi'n sol adamni'n' ja'miyette qa'liplesken ishki du'nyasi'n, minez-qulqi'n ani'qlawi' kerek. Du'nyani' tu'siniw ha'm woni' ko'rkem sa'wlelendiriw a'debiyatta obraz xarakter arqali' a'melge asi'ri'ladi'. Do'retiwshilik processte ko'rkem so'z sheberinin' di'qqat worayi'nda turatug'i'n tiykarg'i' ma'sele-insanni'n' shaxs si'pati'ndag'i' konkret wo'zgesheliklerin, individual belgilerin ko'rsetiw boli'p yesaplanadi'. Roman ushi'n obraz jarati'wda ko'rkem obraz uli'wmali'q, individualli'q, ko'rkem toqi'madan paydalani'w, su'wretlewde ta'sirshen'likke yerisiw si'yaqli' belgilerge iye boli'wi' kerek. T. Qayi'pbergenov Shayi'q obrazi'na usi' belgilerdi toli'q sin'dire alg'an. Shayi'qti'n' ishki du'nyasi'n, ruwxi'y halatlari'n beriwde dialog ha'm monologlardan sheber paydalang'an:

"Xelwet ko'rindi. Wol atasi'n izlep kelip, na'siyatlay almay tur yedi. Shayi'qti'n' saqali' dirr-dirr etti jilamsi'radi':

-Ketti balam. Ja'ne posi'w baslandi'. I'rikpedim. I'rkiwge ku'shim jetpedi. Yerten' ne bolatug'i'ni'n bilmedim.

Esim biy payda boldi'.

---

15 Axmetov S., Esenov J., Ja'rimbetov Q. A'debiyattani'w atamalari'ni'n' ori'ssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi. No'kis, "Bilim", 1994, 165-bet.

-Qartaydi’q Esim biy,-dedi wol dimarsi’z: -Alpi’s mi’n’ shan’araqti’ jung’arlardan aman ali’p shi’qqanda bunday sharshamag’an yedim, qartaydi’q. Hal joq. Yel ja’ne posti’. Qon’ratlar ko’shti. Yendi kenegeslerdin’ de birazi’ ko’shedi.

-Men wolardi’n’ aldi’nan shi’g’i’p yedim, ti’n’lamadi’, shayqi’mi’z,-dedi Esim biy.

-Ti’n’lamaydi’,- dedi shayi’q i’zali’. – Qalay ti’nlatarsan’? Baspana qayda wolarg’a? – dep Murat shayi’q baladay yen’irep jiberdi. Esim biy de ji’ladi’. Yeki g’arri’ni’n’ bet ji’yri’qlari’n tolti’ri’p aqqan jasti’ ko’rip Xelwet te ji’ladi’. Ko’z jaslarg’a a’lem ten’selgendey, du’nya g’i’r-go’belek aylandi’. A’tirap qaran’g’i’lang’anday u’shewi de jol tappay woti’ri’p qaldi’.” (227-bet)

Ko’rinip turg’ani’nday Shayi’q penen Esim biy arasi’ndag’i’ bul dialogta sol ja’miyettin’, sol da’wirdin’ ko’rinisi woni’n’ xali’q ta’g’dirine tiygizgen unamsi’z ta’repleri sa’wlelendirilgen. Jaziwshi’ Shayi’qti’n’ kewil-keshirmelerin isenimli turde beriwde monologti’n’ ha’r qi’yli’ tu’rlerinen sheber qollang’ani’n ko’remiz.

Monolog grekshe monos ha’m logos so’zlerinen ali’ng’an boli’p, “bir so’z” degen ma’nini an’latadi’. Ko’rkem shi’g’armada qaharmanni’n’ ko’pshilikke yamasa wo’zine qarata aytqan so’zleri.[16] Monolog qaharmanni’n’ qanday psixologiyali’q jag’dayda boli’wi’na baylani’sli’ qi’sqa yamasa ken’ tu’rde beriliwi mu’mkin. Shayi’q obrazi’ni’n’ jasali’wi’nda ishki ha’m si’rtqi’ monologlardi’n’ berilgenligin ko’remiz: “Basi’ men’-zen’ Shayi’qqa ashi’q shan’i’raqtan qaytqan ti’rnalardi’n’ qanatlari’ni’n’ zuwi’ldi’si’, jag’i’msi’z “ti’rri’w-ti’rri’wi’” yesitilip:

- A’y, jalg’anshi’ du’nya, -dep basi’n ko’terdi. –Ja’ne bir ma’wsimin’di qayg’i’g’a tolti’ri’p a’keldin’-a’!” (186-bet)

“Yel basi’na tu’sken mu’siybet Murat shayi’qti’ ko’p Qatar qurbi’si’nan, qa’dir-bilislerinen ayi’rg’ali’ a’bden ju’ykesi quri’p, bazda birli-yari’m g’arri’lar

16 Axmetov S., Esenov J., Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’w atamalari’ni’n’ ori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi. No’kis, ″Bilim″, 1994, 138-bet.

menen ushi’rassa, jaslardi’n’ esitip qali’wi’nan qorqi’p, aq sa’lleli basi’n shayqay shayqay bi’lay gu’rsinetug’i’n edi:

-Kisige bul du’nyani’n’ qi’zi’g’i’ ten’-qurbi’lari’ menen yeken, ko’p waqi’tlar boldi’, meni wo du’nyadag’i’ doslari’m shaqi’ri’p turg’an sekilli.

Aqi’lli’ din ha’ziretke aqi’l berip na’siyatlaw qi’yi’n, sol ushi’n wog’an hesh kim heshten’e dey almas yedi.” (284-bet)

Soni’n’ menen birge avtor detallarg’a da poetikali’q waziypa ju’kleydi. Ko’rkem shi’g’armada detallar qaharmanni’n’ ishki du’nyasi’n, woylaw processin, emocional sezimlerin ko’rsetiw ushi’n qollani’ladi’. Yeldin’ bo’lsheklenip, Qon’i’rat ruwini’n’ ko’ship barati’rg’andag’i’ Shayi’qti’n’ ishki tolg’ani’slari’ “quyash” ha’m “aq boz at” detallari’ arqali’ beriledi:

“Shayi’qti’n’ qi’yali’na gu’llan jani’ bar maqluqat ji’lap turg’anday, qudaydan biyhu’jim quyashti’ bult baspaytug’i’ni’na isenetug’i’n shayi’q “bu’gingi bult asti’na kirgen quyash bul du’nyani’n’ ha’siretin ko’riwge nami’slani’p tur” dep qi’yal etti. Ko’zlerine jas quyi’li’p sol turg’an jerinde ati’ni’n’to’rt ayag’i’ jerge kirip ketkendey sileydi. Jung’arlar shabi’wi’li’nan keyin yeldin’ aldi’ tap usi’layi’nsha posi’p, azali’ seske usi’layi’nsha manti’qqan yedi. Ha’zirgi aza u’rgininin’ wonnan bir yepkin ayi’rmasi’ joq. Qayta teren’irek, qayta awi’ri’raq. Shayi’q manti’qti’. Tili so’ylewden qaldi’.

Ko’shtin’ basi’na jetip irkilgennen, izi tamam bolg’ansha bir awi’z so’lemey turg’an iyesin ko’teriwge beli shi’damay, aq boz at tentireklep bari’p, to’rt ayag’i’n bawi’ri’na tartti’ da, birden jatti’.

-Ko’z jas awi’r, biyshara aq boz haywan bolsa da ko’tere almadi’,- dedi shayi’q gu’birlenip.” (226-bet)

Jazi’wshi’ sol da’wirdin’ qi’yi’nshi’li’qlari’n, qayg’i’-ha’siretin ko’rkem detallar arqali’ Shayi’q obrazi’na qari’sti’ri’p bere alg’an. Soni’n’ menen birge Shayi’q obrazi’nda ag’artiwshi’li’q paziyletleri basi’m wori’n iyeleydi. Wol din ha’zireti, xali’q perzentlerin sawatlandi’ri’wshi, yel birligi ushi’n at sali’satug’i’n tulg’a. “Murat shayi’q son’g’i’ ha’ptenin’ g’alma g’ali’ menen u’yli u’ylerine tarqag’an sha’kirtlerin qaytadan ji’ynati’p, bu’gin oqi’w

baslag’an edi. (27-bet)” degen qatarlarda Shayi’qti’n’ sawatlandi’ri’w islerin ali’p barganli’g’i’n koremiz. Woqi’w bari’si’nda balalardi’n sanasi’na wo’z milletine sadi’qli’q, yeline bolg’an su’yispenshilik, xalqi’na hadal xi’zmet yetiw si’yaqli’ ulli’’ sezimlerdi sindiredi: “ – Xalqi’n’ kiygen kiyim-kepinin’, xalqi’n’ mingen at- i’sqati’n’, xalqi’n’-anan’, xalqi’n’ni’n’ tili-anan’ni’n’ tili. Xalqi’n’a qi’lap qi’li’w wo’z anan’a qol sali’w menen barabar.” (28-bet)

Jazi’wshi’ Murat shayi’qti’n’ obrazi’ndag’i’ psixologiyali’q keshirmelerdi romandag’i’ basqa obrazlarg’a sali’sti’ri’w arqali’ woni’n’ woylaw sezimlerinin’ arti’qmashi’li’g’i’n, aqi’lli’li’g’i’n, danali’q na’siyatlari’n teren’ woy pikir ju’ritip ken’es beriwindegi arti’qmashli’g’i’n da joqari’ da’rejede bere alg’an. Mi’sali’ G’ayi’p xan menen Murat shayi’qti’n’ tosattan ushi’rasi’wi’ waqti’nda so’ylesiwlerin ta’sirli dialoglar arqali’ tani’sti’radi’.

Bul wori’nda Murat shayi’q xali’qti’n’ keleshegi tuwrali’ yelge jaslardi’n’ ishinen basshi’ saylaw kerekligi tuwrali’ aytsa, G’ayi’pxan an’shi’ iytti ku’shiginen baslap awzi’n qang’a basi’p u’yretiw tuwrali’ an’shi’li’qti’ ha’m iytlerin aytadi’. Woqi’wshi’ni’n’ ko’z aldi’nda ji’g’i’rdani’ qaynap turg’an ashi’wli’ Murat shayi’q penen woysi’z G’ayi’pxan yag’ni’y bir da’wirde jasap ati’rg’an yeki tu’rli woydag’i’, yeki tendentsiyadag’i’ adamlar menen tani’sti’radi’.

Shayi’qti’n’ jaslarg’a bolg’an itibari’ G’ayi’p xan menen bolg’an ushi’rasi’wlari’nda da ani’q ko’rinedi: “ Wolar xan awi’li’na – “Jan’akent” tamang’a qaray ju’rdi. Xanni’n’ miyzami’n an’lap shayi’q u’zilip qalg’an ga’pin jalg’asti’rdi’.

-Xani’mi’z, bu’ginginin’ jasi’ kishisi, yerten’ginin’ jasi’ u’lkeni yekenin sizden u’yrenip, sizden bilse boladi’. Iytlerin’izdin’ alg’i’rli’g’i’ soni’ an’lati’p tur, ku’shiginde u’yretedi yekensiz. Yendi balalari’mi’zdi’ aqi’lg’a u’yretip bersen’iz, wo’lsek “xang’a duri’sli’ xi’zmet qi’lg’anday izimizde bala qaldi’ ” dep keter yedik.

-Wolay bolsa yeldin’ barli’q jas jigitleri sha’kirtlerin’iz ji’ynalsi’n.

Menin’ ati’mnan ha’mme uri’wg’a buyri’q berin’. Aqi’lli’si’nan tan’lan, men qa’wenderligime alaman. Biraq Orazan bati’r usag’an wo’jet, ko’tere ko’kirek bolmasi’n. Woni’n’ balasi’, aytpaqshi’, sende-aw, qalay wo’zi? Minezi a’kesine usamag’anba?

- Xani’mi’z, Orazanni’n’ balasi’nan ta’shwishlenben’iz, aqi’lli’. Al yendi jas jigitlerdi jiynawg’a qashan atli’ jibergizsek yeken?
- Xabardi’ wo’zim bergizemen. Polat jasawi’ldi’ jiberip alaman.” (18-bet)

“G’ayi’p xan Murat shayi’qqa bergen wa’desin tezletipti. Polat jasawi’ldi’n’ a’kelgen xabari’ boyi’nsha azan menen barli’q awi’llarg’a atli’lar jollandi’. Kelesi juma ku’ni ha’r bir biy wo’z awi’li’ni’n’ wonbes penen jigirma bes arasi’ndag’i’ yes aqi’li’ du’ziw, bardamli’ jigitlerdi wo’zinen qaldi’rmay jetim yemen qasi’na a’keliwi tiyis!” (26-bet) Usi’ wa’de tiykari’nda juma ku’ni G’ayi’p xan keledi. Jetim yemennin’ a’tirapi’na ha’mme ji’ynalg’an. Bul ma’jilisti sho’lkemlestiriwdegi Shayi’qti’n’ maqseti to’mengi qaraqalpaq uri’wlari’nan ji’ynalg’an jas jigitlerdin’ aqi’li’n si’naw, woy-wo’risin baqlaw, wolar arasi’nan xali’q ta’g’diri ushi’n jan ku’ydiretug’i’n, yelge basshi’ bolatug’i’nday aqi’lli’ perzentlerdi tabi’w yedi. Basqa uri’w basshi’lari’ da buni’ qollap quwatlaydi’. Murat shayi’qti’n’ obrazi’ romanda sol da’wirdin’ turmi’s shi’nli’g’i’ tiykari’nda rawajlani’w hali’nda beriledi. Woni’n’ ha’reketlerinin’ jasali’wi’ndag’i’ geypara qarama-qarsi’li’qlar, wo’z-ara tu’sinbewshilikler sol da’wirdegi qaraqalpaq xalqi’ni’n’ siyasiy-ekonomikali’q turmi’si’ndag’i’ keskinlesiwlerdin’ ko’rinisi si’pati’nda berilgenligin an’latadi’.

Jazi’wshi’ Murat shayi’qti’n’ ha’m basqa biylerdin’ ko’z-qaraslari’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qlardi’ turmi’sli’q waqi’yalar menen sheber ashi’p bere alg’an.

Murat shayi’qti’n’ xali’qti’ qorg’awdag’i’ yerlikleri, jigerlendiriwshi so’zleri pu’tkil xali’qti’n’ Watani’n qorg’awg’a atlandi’radi’. “Watanlaslari’m, boldi’rman’lar ... ji’lag’an bala dawi’si’na qulaq sali’n’lar...ol sorli’ qaraqalpaqti’n’ balasi’, ha’r bir tamshi’ jas ushi’n dushpang’a nayza ur. Attan awdar... qarap turma, tas i’laqti’r”-dep ti’ni’msi’z at japqi’lap ju’rgen Murat

shayi’qti’ birde Qon’i’rat awi’li’ u’stindegi dushpan menen shayqasta, birde yabi’ awi’li’ nayzalasi’wda ko’remiz.

Solay yetip, jazi’wshi’ Murat shayi’qti’n’ obrazi’ arqali’ XVIII a’sirdin’ 40-ji’llari’nan keyingi qaraqalpaq turmi’si’nda ju’z bergen siyasiy-ekanomikali’q keskinlesiwlerdi tariyxi’y shi’nli’q tiykari’nda ko’rsete bilgen. Jazi’wshi’ Murat shayi’qti’n’ obrazi’n jasawda biraz jetiskenlikke yeristi. Qaharmanni’n’ ali’p barg’an ha’reketleri arqali’, ju’rgizgen aqi’lli’ ma’sla’ha’tleri, xali’qti’ biriktirwdegi ruwxi’y keshirmeleri arqali’ qaharman xarakterine tiyisli bolg’an woni’n’ psixologiyali’q ta’replerin yag’ni’y ishki keshirmelerin, qaharman menen bolg’an dialog ha’m monologlari’ arqali’ Murat shayi’qti’n’ psixologiyali’q xarakterin ku’ta’ ta’sirli ha’m joqari’ da’rejede ko’rsete alg’an.

Shi’g’armada bala woqi’tiw, sawatlandi’ri’w islerinde Yeshiniyaz axun obrazi’ da berilgen. Jetim yemennin’ a’tirapi’ndag’i’ ma’jiliste Shayi’q: “- Men ushi’n bir sorawdi’ awi’li’mi’zdi’n’ axuni’ Yeshiniyaz axun berse qa’ytedi.” (34-bet). A’lbette bul Shayi’qti’n’ axung’a degen hu’rmeti yedi.

Jandos baydi’n’ wo’limine baylani’sli’ Qon’i’rat uri’wi’ni’n’ Iri’squl biyi wo’z atli’lari’ menen Yabi’ uri’wi’nan qun talap yetip keledi. Iri’squl biy biykarg’a qan to’gilmesin jang’a jan tek bizge Mamandi’ berse boldi’, pesin namazi’na azan ayti’lg’ansha ku’temiz dep yelshilerinen ayti’p jiberedi. Azan woqi’ytug’i’n waqi’t ta boldi’. Biraq Yeshiniyaz axun azan du’mpeginde ko’rinbeydi. “Ku’n bati’wg’a meyil berip kiyati’r. Yeshiniyaz axun namazli’gerde de azan du’mpegine minbedi. … Adamlardi’n’ arasi’nda axung’a kewil toli’wshi’li’q a’n’gimeleri ayti’la basladi’.” (93-bet). Shag’armada axun obrazi’ni’n’ ko’rkem portreti berilmese de, woni’n’ ha’reketleri arqali’ uri’wlar arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qlardi’ qa’lemeytug’i’n, xalqi’na ti’ni’shli’qti’ tileytug’i’n shaxs si’pati’nda ko’re alami’z.

T. Qayi’pbergenovti’n’ “Qaraqalpaq da’stani’” trilogiyasi’nda Qaraqum iyshan (Tu’rkiy axun) h’a’reketi “Baxi’tsi’zlar” romani’nda baslansada, “Tu’siniksizler” romani’nda ju’da’ ayqi’nlasadi’. “Tu’siniksizler” (No’kis

“Qaraqalpaqstan”, 1979) romani’nda Tu’rkiy axun keyin ala Qaraqum iyshan ati’ menen atalg’an Qutli’ xoja wo’zinin’ ja’miyetlik normalarg’a say kelmeytug’i’n is ha’reketleri menen ko’rinedi. Bul obrazdi’n’ portreti shi’g’armada to’mendegishe beriedi:

“- Basi’nda qarday aq sa’llesi bar, biraq saqali’ qara, wog’i’ri’ pan’ ko’rinisli, aybatli’ kisi woti’r.

- A’ne, sol ka’ramatli’ iyshan, - dedi woni’n’ mi’qi’ri’ boyli’ joldaslari’.

I’rasi’nda da bul arbadag’i’ tu’rkiy axun yedi.”(118-bet).

Soni’n’ menen birge Iyshan shi’g’armani’n’ bas qaharmani’ Yernazar ala ko’zge jaman oyda boladi’: “ Ol Yernazarg’a ara tu’siwge keliskende … bir mu’riydine bi’lay maqtang’ani’ bar yedi.

-Pi’shi’qqa bir tislem nan taslasan’, man’layi’na bir shertip qoyi’w kerek, o’ytpesen’, nandi’ kim berip ati’rg’ani’n umi’tadi’. Usi’nnan ulli’ xandi’ aytqani’ma turg’i’zi’p, Yernazardi’ bosatti’rsam, g’aybar pi’shi’qli’ yemes, ari’slanli’ bolg’ani’m. Qoldag’i’ ari’slan anaw-mi’nawdi’ sezbeydi, ha’r sapari’ man’layi’na shertiw tu’we, qatti’-qatti’ uraman.

Mine, yendi ba’ri kerisinshe boli’p shi’qti’. “Tezden o’ltiriw kerek” –dedi qi’yali’. Bas wa’zirge jetkenshe asi’qti’.” (206-bet). Demek jazi’wshi’ konfliktti payda yetedi. Ko’rkem shi’g’armada a’debiy qaharman obrazi’n jasawda konflikt tiykarg’i’ wori’ndi’ iyeleydi. Wol lati’nsha conblictus – soqli’g’i’si’w degen so’zden ali’ni’p, «Shi’g’armani’n’ wo’tkirligin, tarti’mli’li’g’i’n, ko’rkemlik ha’m ideyali’q quni’n artti’ri’wg’a ja’rdemlesetug’i’n ko’rkem a’mellerdin’ biri. Konflikt epikali’q yamasa dramali’q shi’g’armani’n’ syujetin keskinlestiredi. Wol personajlardi’n’ minezlerinin’, ma’plerinin’ qarama-qarsi’li’g’i’ tiykari’nda payda boladi’ ha’m syujet waqi’yalari’n rawajlandi’radi’. Konflikt jeke minezler (personajlar), socialli’q toparlar, klasslar arasi’nda payda boli’wi’ mu’mkin ha’m wol avtordi’n’ maqsetine qaray ha’wij ali’wi’ mu’mkin».[17] Ko’rkem prozada konflikt ma’selesi akad.

---

[17] Axmetov S., Esenov J., Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’w atamalari’ni’n’ ori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi. No’kis, Bilim, 1994, 104-b.

M.Nurmuxammedov, J.Nari'mbetov, A'.Qoji'qbaev, Q.Sultanov, Z.Nasrullaeva, J.Yesenov, T.Qurbanbaeva, P.Nurjanovlardi'n' miynetlerinde so'z boladi'[18]. A'sirese, son'g'i' da'wirdegi qaraqalpaq prozasi'nda konflikt ha'm a'debiy qaharman ma'selesi J.Esenov, T.Qurbanbaeva, P.Nurjanovlardi'n' miynetlerinde jan'asha bag'darda u'yreniledi. Bul miynetlerde tek personajlar, socialli'q toparlar wortasi'ndag'i' qarama-qarsi'li'qlar g'ana yemes, al qaharmanni'n' ishki du'nyasi'nda, sanasi'nda ju'z berip ati'rg'an konfliktler de u'yreniledi. G'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq a'debiyattani'wi'nda P.Nurjanovti'n' izertlewlerinde qaharman obrazi'n ashi'wda konfliktlerdin' roli da'wir qarama-qarsi'li'qlari' menen baylani'sli' ashi'p beriledi.

Qaraqum iyshan obrazi'nda hiylekerlik aldawshi'li'q roman dawami'nda ko'rinip baradi'.Shi'g'armadag'i' Sha'rip molla da iyshanni'n' jansi'zi' si'pati'nda su'wretlenedi. Murat shayi'q penen Qaraqum iyshan obrazlari'n sali'sti'ri'p qarag'ani'mi'zda jazi'wshi' wolardi' kontrast usi'li'nda su'wretlengen. Bunnan Qaraqum iyshanni'n' obrazi'n su'wretlewde totalitar da'wirinin' ideologiyaliq ta'sirin ko'riwge boladi'. Xali'q arasi'nda iyshan haqqi'nda unamli' pikirler bar.

---

18 Nurmuxammedov M. Shi'g'armalari'ni'n' eki tomli'g'i'. I tom. – No'kis: Qaraqalpaqstan, 1985;Nari'mbetov J. Karakalpakskiy roman. – Tashkent: FAN, 1974; Qoji'qbaev A'. Qaraqalpaq romani' (konflikt h'a'm qah'arman). No'kis, «Qaraqalpaqstan» 1977; Sultanov Q. T.Qayi'pbergenovti'n' prozasi'. – No'kis; Qaraqalpaqstan, 1972; Nasrullaeva Z. Problema tipa i xaraktera v sovremennoy karakalpakskoy proze. – Nukus; Karakalpakstan, 1984; Esenov J. Sheberliktin' si'rlari' (h'a'zirgi qaraqalpaq povestlerinde ko'rkem psixologizm). No'kis, Qaraqalpaqstan, 1986; Kurbanbaeva T. Syujet i kompozitsiya v sovremennoy karakalpakskoy proze. – Tashkent: FAN, 1991; Nurjanov P. Ha'zirgi qaraqalpaq romani' (syujet h'a'm konflikt poetikasi'). – No'kis: Bilim, 2009.

## II.2. K. SULTANOVTI'N' "A'JINIYAZ " ROMANI'NDA YELMURAT AXUN OBRAZI'

Qaraqalpaqstan xali'q jaziwshi'si', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Berdaq ati'ndag'i' ma'mleketlik si'yli'qti'n' lawreati' K. Sultanov wo'zinin' "Waqi't qosi'qlari'" (1949), "Aldi'n'g'i' sawi'nshi'", (1956), "Menin' doslari'm", (1956), "Awi'llaslari'm", (1960), "Ag'alardi'n' a'n'gimesi", (1968), "Da'wir ta'riypi", (1969), "O'tken ku'nler", (1975), "Alti'n da'wir", (1983) si'yaqli' bir qansha toplamlari' menen bir qatarda «Aq da'rya" (1962), "A'jiniyaz" (1967) romanlari' menen xalqi'mi'zdi'n' ruwxi'y du'nyasi'nan wori'n alg'an belgili ko'rkem so'z iyelerinin' biri. Wol qaraqalpaq xali'q folklori'n ha'm klassik a'debiyatti' teren' u'yrengen, XX a'sirdegi wo'zine deyingi a'wlad wa'killeri menen wo'z zamanlaslari'ni'n' da do'retiwshiligin jaqsi' bilgen ha'm wog'an u'lken hu'rmet penen qarag'an talantli' jazi'wshi'.

"K. Sultanov 60-ji'llardi'n' basi'nda wo'zinin' «Aq da'rya" romani' menen ko'pshilikke shayi'rshi'li'qtan da go're prozag'a uqi'bi' ku'shli talantli' jazi'wshi' si'pati'nda ta'n ali'nadi'. Duri's, wol bul tabi'sqa birden yerisken joq. Wo'zinin' bul roman do'regenge deyingi da'wirlerde baspa ko'rgen "Menin' doslari'm", "Awi'llaslari'm" toplamlari'na engizilgen ocherkler ha'm gu'rrin'lerin jazi'w arqali' prozanin' qi'yi'n ha'm mashaqatli' jollari'n basi'p wo'tti, proza mektebinin' sheberlik si'rlari'n iyeledi ha'm ta'jiriybeler artti'rdi'."[19] K.Sultanov 1924-ji'li' 5-sentyabrde Moynaq rayoni'ndag'i' "Aq da'rya" awi'li'nda tuwi'ldi'. 1941-ji'li' Shi'mbay pedagogikali'q uchilishesin tamamladi'. Rayonli'q "Qi'zi'l bali'qshi'" gazetasi'nda 1947-1979-ji'llari' a'debiy xi'zmetker, son' redaktor boli'p isledi. "Erkin Qaraqalpaqstan" gazetasi'nda (1949-50) xabarshi', "Qaraqalpaqstan jaslari'" gazetasi'ni'n' redaktsiyasi'nda bo'lim basli'g'i', respublikali'q radio komitetinde redaktor lawazi'mlari'nda islegen.

---

[19] Paxratdinov A'., Allambergenov K., Bekbergenova M. XX a'sir qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'. No'kis, "Qaraqalpaqstan", 2011, 497-bet.

Jazi’wshi’ni’n’ “Aq da’rya” romani’ yen’ da’slep “A’miwda’rya” jurnali’ni’n’ 1961-ji’l №11-12, 1962-ji’li’ №1-4-sanlari’nda jariyalandi’, son’ 1962-ji’li’ QQBM baspasi’ ta’repinen wo’z aldi’na kitap boli’p basi’li’p shi’qti’. Roman 1963-ji’li’ wo’zbek, 1974-ji’li’ rus tillerine awdari’ldi’. Wonda yekinshi ja’ha’n uri’si’ da’wirindegi Aral bali’qshi’lari’ni’n’ turmi’si su’wretlenedi. «Aqda’rya» romani’ni’n’ ideyali’q mazmuni’ – Aral bali’q-shi’lari’ni’n’ ekinshi ja’han uri’s ji’llari’ndag’i’ pida’kerlik miynetin, xali’qti’n’ patriotizmin su’wretlew boli’p tabi’ladi’. Romanda Aral ten’izinin’ jag’asi’ndag’i’ bir kolxoz-di’n’ uri’s waqti’ndag’i’ turmi’si’, bali’qshi’lardi’n’ front ushi’n jan ayamay islegen erlik isleri su’wretlenedi. Romanni’n’ tiykarg’i’ mazmuni’nda u’lken ori’n alatug’i’n bir tema hayallardi’n’ miynetin su’wretlew yekenin ko’remiz. Romanni’n’ kompozitsiyali’q quri’li’si’ ju’da’ a’piwayi’. Bunda arti’qmash shiylenisken syujetler, tiykarg’i’ mazmunnan uzaq sheginiwler ushi’raspaydi’. Epizodlar izbe-iz tu’rde, logikali’q sarrasli’qta du’ziw rawajlani’p woti’radi’. Bunda a’detten ti’s a’jayi’p waqi’yalar, tiykarg’i’ mazmunnan shetke i’lag’i’wlar joq. Romandag’i’ tiykarg’i’ syujet-bali’qshi’ qaharmanlardi’n’ ku’ndelikli miynet bari’si’ menen ishki oy-sezimlerin su’wretlewden ibarat. Shi’g’armada jazi’wshi’ ta’repinen jetistirilgen unamli’ ha’m unamsi’z qaharman obrazlari’ni’n’ qay-qaysi’nsi’n ali’p qarasaq ta turmi’sli’q materiallarg’a baylani’sli’ tu’rde isenimli jasalg’anli’g’i’ bayqaladi’. Romannan qi’ri’qqa jaqi’n adam atlari’n woqi’g’an menen wolardi’n’ barli’g’i’ derlik tiykarg’i’ qaharman si’pati’nda qa’liplestirilmegen. Wolar tiykarg’i’ qaharman obrazi’n, xarakterin ashi’w ushi’n romang’a baylani’sti’ri’lg’an qosi’msha epizodlar tiykari’nda qatnasadi’ da, Tilemis, Ayjar, Ja’miyla, Jumabay, Saliyma, Ma’teke ha’m Qaliylalardi’n’ obrazari’n toli’qti’ri’w maqsetinde beriledi.

Roman haqqi’nda Q.Maqsetovti’n’ “Ulli’ watandarli’q uri’s ji’llari’ haqqi’nda haqi’yqatli’q” (“Sovet Qaraqalpaqstani’” gazetasi’, 1963, 14-may), A’.Qoji’qbaevti’n’ “Aq da’rya” ni’ woqi’g’anda (“A’miwda’rya” jurnali’, 1962, №10), Q.Bayniyazovti’n’ ha’m K.Xudaybergenovti’n’ «Juwmaqlar, woylar,

boljawlar» ("A'miwda'rya" jurnali', 1963, №8), I.Sag'itovti'n' «Aqda'rya romani' tuwrali' bir qatar pikirler» ("A'miwda'rya" jurnali', 1963, №10) maqalalari'nda ilimiy ha'm si'n pikirleri beriledi. Belgili ilimpaz M.Nurmuxamedov romang'a teren' ilimiy tallaw jasaw arqali', woni': "…ha'zirgi qaraqalpaq prozasi'ni'n' ko'zge tu'serlik jetiskenliklerinin' biri."[20] - dep bahaladi'.

Jazi'wshi'ni'n' roman do'retiw joli'ndag'i' ja'ne bir tabi'si' 1967-ji'li' jariyalang'an "A'jiniyaz" do'retpesi arqali' ko'rinedi. Roman ko'p sanli' kitap woqi'wshi'lari'mi'z ha'm a'debiy si'nshi'lari'mi'z ta'repinen 60-ji'llar prozasindag'i' u'lken a'debiy qubilis si'pati'nda qabi'l yetildi. Sebebi roman qaraqalpaq prozasi'ndag'i' birinshi tariyxi'y roman yekenligi menen birge, prozada birinshi ret ken' jobada ko'rkem so'z sheberinin' obrazi' jarati'li'wi' jag'i'nan da adebiyati'mi'zg'a yelewli jan'ali'q boli'p kirdi. Belgili wo'zbek a'debiyatshi' ali'mi' S.Mirvaliev wo'zinin' "Wo'zbek romani'"[21] monografiyasi'nda tariyxi'y-biografiyali'q romanni'n' janrli'q wo'zgesheligi haqqi'nda di'qqatqa i'layi'q ilimiy-teoriyali'q pikirlerdi wortag'a taslag'an yedi. Ilimpazdi'n' pikirinshe, tariyxi'y-biografiyali'q roman tariyxi'y roman janri'na ta'n ko'rkem qa'siyetlerge iye boli'wi' kerek. Yekinshiden, tiykari'nan tek jeke tariyxi'y shaxs biografiyasi' g'ana yemes, al uli'wma xali'qli'q biografiya, waqi'yalar biografiyasi' belgili da'rejede uli'wmalasqan ha'm tipiklestirilgen ko'riniste beriledi. Na'tiyjede da'wir, tariyx biografiyasi' jarati'ladi'. Lekin, sol na'rseni ayi'ri'qsha atap wo'tiwimiz kerek, tariyxi'y-biografiyali'q roman janri' ushi'n tariyxi'y shaxsti'n' qatnasi'wi' sha'rt. Shi'g'armadag'i' barli'q ideyali'q-ko'rkem bag'dar a'ne usi' tariyxi'y shaxs biografiyasi'na kelip qosi'ladi', woraylasadi'. Soni'n' ushi'n da tariyxi'y-biografiyali'q janrda tariyxi'y shaxs-za'ru'riy qaharman quyash si'yaqli' nur shashi'p turadi'. Soni'n' menen birge wol wo'zin qorshag'an wortali'qtan, da'wirden ha'm basqa tariyxi'y shaxs ha'm toqi'ma obrazlardi'n' biografiyasi'nan ku'sh-quwat ali'p, jan'a energiya

[20] Nurmuxamedov M. Shi'g'armalari'ni'n' yeki tomli'g'i'. II tom. No'kis, "Qaraqalpaqstan", 1988, 428-bet.
[21] Mirvaliev S. O'zbek romani' (Janr manbalari va uning tashkil topishi). Toshkent, «Fan», 1969, 252-bet.

jaratadi'. Demek, tariyxi'y biografiyali'q janrdag'i' real tarixi'y shaxs ha'm wog'an ku'sh-quwat bag'i'shlawshi' da'wir-tariyx ha'm adamlarsi'z, wolardi'n' belgili da'rejedegi biografiysi'si'z wo'inin' ko'rkem-estetikali'q qu'diretin ko'rsete almaydi'. A'ne usi' real tariyxi'y shaxs tariyxi'y biografiyali'q roman janri'na ta'n yen' a'hmiyetli belgi boli'p tabi'ladi'. Wo'ytkeni wol romanni'n' barli'q ideyali'q-ko'rkem ta'replerin, bag'dari'n wo'zine ja'mlestiredi, wo'z linzasi'nan wo'tkeredi[22]. Romanni'n' atamasi'nan ko'rinip turg'ani'nday, XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' u'lken klassik shayi'rlari'ni'n' biri A'jiniyaz Qosi'bay uli'ni'n' o'miri ha'm do'retiwshiligin ashi'p ko'rsetiwge arnali'p jazi'lg'an. Avtordi'n' maqset yetkenindey, romannin' yele dawami' bar bolg'anli'qtan, bul birinshi kitapta A'jiniyazdin' balali'q ha'm jasli'q da'wiri haqqi'nda so'z yetiledi. Sonliqtanda biz bul birinshi kitapta u'lken klassik A'jiniyaz tulg'asi'n yemes, usi' da'rejege jetisiw jollari'na jan'a qa'dem qoyi'p ati'rg'an ha'wesker shayi'r A'jiniyazdi', woni'n' shayi'rli'q talanti'ni'n' woyana baslawi'n, wog'an sebepshi bolg'an turmi's ta'rizin, jigitlik tun'g'i'sh muhabbati'n, wo'mirdegi da'slepki tabi'slari'n, turmi's tosqi'nli'qlari' menen ja'miyetlik qarama-qarsi'li'qlarg'a ushi'rawlari'n, keleshek wo'mirge degen arzi'w a'rmanlari'n ko'remiz. Jazi'wshi' romanda jas wo'spirim A'jiniyaz obrazi'n shayi'r jasag'an da'wirdin' tariyxi'y sharayatlari' menen ti'g'i'z baylani'sta, sol da'wirge ta'n xali'qli'q turmi'sti', woni'n' ku'n ko'risin, turmi's salti'n, jer, suw, jesir dawi' usag'an ma'selelerin ko'rsetiw arqali' ashi'p beriwge ha'reket yetken. Bul roman bir qansha ilimpazlardi'n' di'qqat worayi'nda boldi'. M.Nurmuxammedov, K. Xudaybergenov, J.Nari'mbetov, A'.Qoji'qbaev, Zoya Nasuri'llaeva h.t.b. ilimpazlar bul roman tuwrali' bir qansha pikirlerdi wortag'a tasladi'. Roman janri' boyi'nsha tariyxi'y-avtobiografiyali'q roman boli'p yesaplanadi'. K. Sultanovti'n' prozasi'ndag'i' peyzajli'q su'wretlew sheberligine birinshilerden boli'p M.K.Nurmuxammedov[23] di'qqat awdaradi'.

---

[22] Mirvaliev S. Bul da usi kitapta, beti 252-bet.

[23]Nurmuxamedov M. Qaraqalpaq prozasi'ni'n' a'hmiyetli ma'seleleri. "A'miwda'rya" jurnali', №10, 1970.

K.Xudaybergenov wo’zinin’ “A’jiniyaz haqqi’nda woylar”[24] maqalasi’nda M. Nurmuxammedovti’n’ pikirlerine qayshi’ keletug’i’n tallawlar isleydi. Mi’sali’, wol romandag’i’ peyzajli’q ko’rinislerdi su’wretlegen mi’na wori’nlardi’ naduri’s tu’sindiredi. “Alasat xabarshi’si’nday tan’ samali’ni’n’ da’slepki bir yeskimi menen ko’ldin’ qami’slari’ dir-dir qalti’rap, silkinip, du’rkiresip shuwlasa qaldi’”.(20-bet) Bul ko’rinisler romanda simvolikali’q xi’zmet atqari’p turg’ani’n K.Xudaybergenov jetkilikli tu’sinbegen. Jazi’wshi’ ko’ldin’ woyani’w ko’rinisin beriw arqali’, jas shayi’r kewlindegi go’zzali’q a’leminin’ woyani’wi’n ko’rsetpekshi bolg’an. Buni’ tu’siniw ushi’n usi’ ta’biyat ko’rinislerine baylani’sli’ beriletug’i’n romandag’i’ mi’na qatarlardi’ woqi’w jetkilikli: «Jas balani’n’ dawi’si’ ko’kireginen hapli’g’i’p shi’g’i’p, da’slep qalti’rap turdi’ da, son’i’nan jipektey suwdi’rap tolqi’nlana berdi. So’zdi naqma-naq ayti’p, da’ste-da’tse yetip to’kti. Ku’shenshek dawi’s yemes. Xosh hawaz lapi’z. Baslar da, ha’wijge shi’g’arda, qaytararda dawi’s toqsan i’rg’aq penen qubi’li’p, suwdi’rag’an nag’i’s sali’p barati’r. Ha’r tolqi’ni’ ju’rekti qi’ti’qlap, kewilge mi’n’ la’zzet beredi. Qurg’aq jel dawi’s yemes. Uyan’ ses yemes. Al qulaqqa si’payi’ tiyetug’i’n, ju’yken’di qi’ti’qlaytug’i’n, boyi’n’di’ sergeksitetug’i’n a’jayi’p bir dawi’s! Inti’qti’radi’, yeljiretip, si’yqi’rlaydi’. Joldi’n’ yeki boyi’ qon’i’rawday si’n’g’i’rlag’an dawi’sqa uyi’si’p turg’anday qalg’i’g’an. Mawji’rap woti’rg’anday, ko’l quslari’ da ji’m-ji’rt. Samal da siltidey ti’ndi’. Tawmurat yeltip kiyati’r. U’yinde jazi’li’si’p ayta almay, ish qi’sta boli’p ju’rgen xosh hawaz bala da bu’gin bir sherin tarqati’p, qumari’ basi’lg’anday, dawi’si’n kem-kemnen ba’lentke ko’teredi.

Tawmurat “Balada qanasi’na si’ymay barati’rg’an a’lle qanday wo’ner bar-aw” dep shamalaydi’, biraq wol ne wo’ner! Ne ku’sh! Jurtti’ siltidey ti’ndi’rg’an shayi’rli’q pa? Talay qulaqti’ in’kar qi’lg’an qi’ssaxanli’q pa? Ingendi bozlatqan sazendelik pe? Ko’shken ka’rwandi’ qayi’rg’an ji’raw ma? Topti’ ayi’rg’an sheshen be? Xosh hawazli’, qati’ qulaq balani’n’ keleshek ta’g’diri, qanday

[24]Xudaybergenov K. A’jiniyaz haqqi’nda woylar. “A’miwda’rya” jurnali’, №8, 1969.

bolar yeken?... Yesli jigit Taymuratti’n’ da qi’yali’ uzaqti’ sharlap kiyati’r.”(79-80-betler)

K.Sultanovti’n’ bul romandag’i’ ja’ne bir tabi’si’ – peyzajli’q su’wretlewler menen portret jasaw sheberliginin’ ju’yi bilinbestey jupkerlestirilip beriliwi desek boladi’. Mi’na mi’salg’a ser sali’p qarayi’q: “Ku’n kesh pesin. Aspandag’i’ qan’g’i’may bultlar keshke qaray arqadan yesken samaldi’n’ debdiwi menen sen’dey qag’i’li’si’p ketti. Jan’a shag’i’rayi’p turg’an aq bultlardi’n’ betine ta’biyat qara perdesin japqanday aspan tu’nere qaldi’. Qara bultlar qan’g’i’p ju’rip ku’nnin’ ju’zin bassa, jer ja’ha’n gewgim tartadi’. Geyde ku’nnin’ nuri’ to’sin qi’ti’qlag’anday qara bult woynap shi’g’i’p ji’li’ssa, shaqmaq shaqqanday a’lem ju’zi jarq yete qaladi’. Ku’n menen bult jerdin’ jamali’n ko’riwge talasqanday sa’wle menen gewgim shag’i’li’si’p, qubi’li’p woynap jan maqluqti’n’ ju’ykesin qi’ti’qlaydi’.” (7-bet).

Bul a’lbette ha’mmege tani’s bolg’an Aral boyi’ni’n’ ku’ndelikli ta’biyati’. Lekin buni’ ha’mme adamlar da jazi’wshi’ si’yaqli’ da’l ha’m ayqi’n seze almawi’ mu’mkin. Lekin bul peyzaj «jo’n aldi’ qara-baraq» su’wretlengen yemes. Woni’n’ atqari’p turg’an xi’zmeti de u’lken. Bul jag’day usi’ su’wretlemenin’ izin ala birden-aq ma’lim boladi’. Mi’sali’: “Qara u’ydin’ qaptali’nda arbani’n’ ko’sherin maylap woti’rg’an Qosi’bay aspang’a jalt-jalt qarap:

- Bi’yi’lg’i’ ba’ha’rden beri aradan ku’n wo’tpey, aspan tu’nerdi de turdi’ g’oy. Bu’gin de bir alasattan xabar bar ma qalaq-qalay. Anaw ku’ndegidey dawi’l ja’ne u’ydi ko’terip ketpesin.”

Bul jag’daylar tek peyzaj benen baylani’sli’,- dep yesaplasaq, son’i’n ala portret penen peyzajdi’n’ pu’tkilley aralasi’p ketkenin sezemiz. Mi’sali’:

“Imi’rt waqti’. Aldi’nda qara la’tte u’zik, arti’na shi’pta japqan jupi’ni’ qara u’yden iynine sari’ qabaq arqalag’an shiykil sari’ qi’z shi’qti’. Na’zeri da’rya jaqta. A’lle neden qi’si’ng’anday ja’n-jag’i’na u’reylenip qaraydi’. U’stinde laplama boyawg’a boyalg’an boz ko’ylek. Uzi’n jag’a. Salaqlaw hayal a’diplep nag’i’slag’an. Ayag’i’nda ko’k yetik. Basi’nda shashaqli’ bo’z sharshi’.

Sari’ jambi’lshaday tompayg’an betinin’ almasi’na tu’sken tuli’mshag’i’ menen woynap, woy u’stinde kiyati’r. Da’rya jag’asi’na keldi. Talli’q iyirimlenip, si’zi’li’p ag’i’p tur. Qabag’i’n jerge qoydi’. Ag’i’sqa qarap ko’zi qarami’qtay jawdi’raydi’. Arg’i’ ju’zdegi sallani’p turg’an ko’k pishenlerge, ana bir shoq talg’a, jayi’li’p ju’rgen mallarg’a birim-birim zeyin awdari’p, jurti’n sag’i’ni’p kelgendey ta’biyat ko’rinislerine i’nti’g’i’p tur.” (15-bet)

M.Nurmuhammedov qaraqalpaq jazi’wshi’lari’ni’n’ VI sezdinde (1970), prozag’a arnalg’an arnawli’ sholi’wi’nda qaraqalpaq prozasi’ni’n’ a’hmiyetli ma’selerine ken’ toqtali’p, «A’jiniyaz» romani’ haqqi’nda mi’nanday juwmaq jasadi’: «A’jiniyaz» romani’ni’n’ qunli’li’g’i’ mi’nada: avtor wo’zi su’wretlegen da’wirdegi adamlardi’n’ turmi’si’n, ju’ris-turi’si’n, u’rp-a’detlerin wog’ada jaqsi’ biledi. Waqi’tti’ sezgish, obraz ha’m nag’i’z xali’q tilin biledi, al romanni’n’ syujeti isenimli, izbe-izlik penen berilgen, al peyzajg’a kelsek, K. Sultanov wo’zinin’ ta’biyatti’ su’wretlew ha’m janlandi’ri’w sheberligi menen ba’rhama ko’zge tu’sip kiyati’r. Mi’sali’, suw qabaqti’n’ a’jayi’p obrazi’n umi’ti’w qi’yi’n: qi’z su’ygen jigiti menen qosi’li’p ketiw ushi’n suw qabaqti’ ali’p, tu’nde da’ryani’n’ jag’asi’na baradi’, jag’ada qalg’an suw qabaq bawi’rman jen’ge si’yaqli’ ashi’qlardi’n’ ali’slap barati’rg’an qayi’g’i’ni’n’ izinen uzaq qarap turadi’».[25]

Sonday-aq romanda jigitlerdin’ woti’ri’spasi’na bari’p qalg’an A’jiniyazdi’ Qurbana’liydin’ jigitleri Xanzada menen birge woti’rg’i’zg’i’si’ kelmey Qudi’yarg’a g’i’jaq berip ati’rg’anli’g’i’n ko’rip, Turi’m ja’rdemge keledi. Woni’n’ qanday adam yekenligi aytqan so’zlerinen-aq ma’lim boladi’. Mi’sali’:

“ – A’y, Qudi’yar, tart tilin’di! Bayli’q penen du’nyani’ salma wortag’a. Wa’jge tur. Mollani’n’ balasi’n ayaqqa shi’g’ari’p, sawdagerdin’ balasi’n basta woti’rg’i’zatug’i’n, bul – Qon’i’ratti’n’ bazari’ yemes. Biz ali’p satarg’a kelgenimiz joq. Woti’rsan’ merekege bag’i’ni’p ti’ni’sh woti’r!» (177-bet).

Bular ja’rdemshi qaharmanlardi’n’ so’zleri boli’wi’na qaramastan bas qaharmanni’n’ obrazi’n ku’sheytiwge ja’rdemlesedi. Demek, epikali’q obraz

[25] “A’miwda’rya” jurnali’, №10, 1970.

jasawdi’n’ si’rlari’ da basqa janrlarg’a qarag’anda da a’dewir wo’zgesheliklerge iye boladi’. Romanda A’jiniyazdi’n’ bilim iyelewinde Yelmurat axun obrazi’ ko’zge taslanadi’. Yelmurat axun wo’zinin’ diniy ag’artiwshi’li’q pa’ziyletleri, sawati’ jag’i’nan basqa mektep mollalari’nan aji’rali’p turadi’.

“A’kenin’ i’qlasi’,- balani’ axun yetip shi’g’ari’w. Wol u’mitinen da’me yeteyin dese, balasi’ pari’z-wa’jip haqqi’ndag’i’ kitaplardi’ u’yde qoli’na uslamaydi’.

-Nege ilimiy- sharayatti’ woqimaysan’? –dese balasi’:

-Bilemen g’oy deydi! A’kesi tergestirip, soraw berse duri’s juwap qaytaradi’. Da’slepki mollasi’menen basi’ pispegen son’ bi’yi’l Yelmurat axung’a berdi.” (140-bet). Roman dawami’nda Yelmurat axun obrazi’ bas qaharmanni’n’ is-ha’reketleri, monologlari’, dialoglari’ arqali’ ayqi’nlasi’p baradi’.

“A’jiniyaz ustazi’ Yelmurat axunni’n’ kelbetine ara-tura ko’zinin’ qi’yi’g’i’n sali’p woti’r. Yeti semip, ko’zlerinin’ nuri’ aqquwaq tarti’p, betinin’ almasi’nda, urti’nda a’jim si’zi’qlari’ ayqi’sh-uyqi’sh boli’p barati’r yeken. “Ustazi’m qartayi’pti’-aw!” dedi ishinen.” (187-bet). Avtor Yelmurat axunni’n’ portretin A’jiniyazdi’n’ woyi’ arqali’ ashi’p beriwge ha’reket yetken. Usi’ portretlik su’wretlew arqali’ axunni’n’ jasi’ birazg’a bari’p qalg’an garri’ kelbetin ko’re alami’z. Shi’g’armada qatnasi’wshi’ obrazlardi’n’ basi’m ko’pshiligi tariyxi’y shaxslar yag’ni’y prototipler. Prototip tiykari’nda ko’rkem obraz jarati’wdi’n’ xarakterli ta’repi sonda, bunda turmi’sta bar bolg’an tariyxi’y shaxs ko’rkem obrazdi’n’ tiykari’nda turadi’. Jazi’wshi’ turmi’stag’i’ shaxslar-prototiplerge tiykarlani’p obraz jaratadi’. Prototipli obraz jarati’w protsessinde de, tap ja’mlew joli’ menen obraz jarati’lg’ani’nday, turmi’s ha’diyseleri tipiklestirilip ko’rsetiledi, ko’rkem toqi’madan belgili mug’darda paydalani’ladi’. Bunday ko’rkem obraz turmi’sli’q material-prototip, jazi’wshi’ni’n’ do’retiwshilik fantaziyasi’ ko’rkem toqi’ma ha’m alg’a su’riletug’i’n idea-estetik idealdi’n’ qosi’li’wi’nan payda boladi’.

Prototip penen obraz arasi’nda jazi’wshi’ni’n’ wo’zi turadi’. Yeger ko’rkem obrazdi’ janli’ organizm dep woylasaq-prototip sol organizmnin’ skeleti, ko’rkem toqi’ma woni’n’ yeti, estetik ideal bolsa qani’-jani’. Tiri organizmnin’ yetin skeletinen, skeletin qani’-jani’nan aji’rati’p bolmaytug’i’nday, ko’rkem obraz organizmdag’i’ prototipti ko’rkem toqi’madan, ko’rkem toqi’mani’ estetik idealdan u’zip ali’p bolmaydi’. wolar bir-birine baylani’si’p ketedi. Yelmurat axun da turmi’sta bolg’an tariyxi’y shaxs. Wol diniy ag’arti’wshi’, bilim beriwshi sawatlandi’riwshi’ bolg’anli’qtan sha’kirti A’jiniyazdi’n’ ilim hikmetti teren’nen iyelewin qa’leydi.

“-Bilimnin’ sag’asi’ joqari’ jaqta balam! - dedi axun salmaqli’ so’ylep, - Awa, Xiywada, Buxarada, Samarqandta… Nawayi’, Fi’zuli’, Bedillerden ko’p bilim alasan’. Wonnan ari’ ketsen’ Ja’miydin’ sa’tirleri, Hafi’zdi’n’ almastay ga’zelleri, Saadiydin’ hikmetleri, Womar Hayyamni’n’ tamasha rubayi’lari’, A’biw Rudakiydin’, A’biw ibn Sina menen A’l Beruniydin’ ilimiy tag’liymatlari’ sizdi jeti qat a’lemge tani’s qi’la beredi. Biraq medresege barmasan’, Bozatawda woti’ri’p, Ja’miy, Saadiylerdi woqi’p tu’sine qoyarma yekensen’? Bag’ana ayttim g’oy. Kitap g’a’ziynesi, ilim bulag’i’ u’sh tilde: farsi’, arab, tu’rk tillerinde. Bul tillerdi u’yrenbey, wo’tken dani’shpanlardi’n’ g’a’ziynesin asha almassan’, balam! Meni ustaz dep si’ylasan’, Bergen ken’esimdi ta’rk yetpesen’, Xiywa ya Buxardi’n’ medresesine bari’p, bir yeki ji’l ta’lim ali’p qayt. Ilimdi suwday ishken neshe mudarrisler sonda. Iraniy, arabiy, tu’rkiy shayi’rlardi’n’ ne qi’yli’ “diywanlari’” sonda, mediresede balam. Barsan’ pa’tiya bereyin!” (187-bet)

Ustaz ha’m sha’kirt arasi’ndag’i’ qatnaslardi’ jaziwshi’ A’jiniyazdi’n’ Xiywag’a woqiwg’a atlanardag’i’ syujetinde yelede teren’lestiredi. Yelmurat axun Qosi’baydi’n’ u’yinde qoni’p sha’kirti menen Xiywadag’i’ medreselerdin’ tariyxi’, talabalardi’n’, mudarrislerdin’, medirese inami’ni’n’ wazi’ypalari’ nizamlari’ ha’m basqalar haqqi’nda aqi’l ken’eslerin aytadi’.

Shi’g’armada Yelmurat axunni’n’ obrazi diniy ag’arti’wshi ustaz si’pati’nda jaratilmaganda wonda A’jiniyazdi’n’ ilimge degen talpi’ni’slari’

ashi’lmagan bolar yedi. Woni’n’ Xiywadag’i’ medresege bari’wi’na da axun obrazi’ni’n’ a’hmiyeti joqari’.

Juwmaqlap aytqanda XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda diniy ag’arti’wshi’lardi’n’ obrazlari’ jazi’wshi’lardi’n’ ko’rkemlik stillik ha’m ideyali’q wo’zgesheliklerine baylani’sli’ doretilgen. Biz bul wo’zgesheliklerdi T. Qayipbergenovti’n’ ha’m K. Sultanovti’n’ shi’g’armalari’nda ko’rip wo’ttik. Sol obrazlardi’n’ ag’arti’wshi’li’q isleri xali’q turmi’si’ndag’i’ wolardi’n’ worni’ ko’rkem a’debiyatti’n’ ni’zamlari’na say estetik zawi’q beretug’i’n ta’sirli, dialoglar, monologlar, korkem detallar, korkemlew qurallari’ arqali’ sheber su’wretlengen.

# III Bap. G’A’REZSIZLIKTEN KEYINGI QARAQALPAQ A’DEBIYATI’NDA DINIY AG’ARTI’WSHI’LAR OBRAZI’

## III. 1. A’. Paxratdinovti’n’ tariyxi’y romanlari’nda diniy ag’arti’wshi’lar obrazi’

G’a’rezsizlik O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ siyasiy-ekonomikali’q turmi’si’na qanday yerkinlikler ali’p kelse, ruwxi’y turmi’si’nda da sonday unamli’ wo’zgerislerdi qolg’a kirgizdi. Bul wo’zgeris birinshi gezekte a’debiyatta yeski ideologiyali’q ko’z-qaraslardi’n’ worni’na jan’a milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ni’n’ wori’n almasi’wi’nda, a’debiyatti’n’ ma’n’gilik dep kiyati’rg’an metodi’ sotsialistlik realizmnin’ ku’n ta’rtibinen ali’ni’p taslani’wi’nda, a’debiyatti’n’ partiyali’g’i’ saplasti’ri’li’p, woni’n’ worni’na uli’wma insaniyli’q, milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ni’n’ yen jayi’wi’nda, buri’n qadag’an yetilip taslang’an jan’a temalardi’n’ so’z yetiliwinde ko’rindi.

Mine, usi’nday ja’miyetlk sistemani’n’ rawajlani’wi’nda aldag’i’ waziypalar tuwrali’ Prezidentimiz I.A.Karimov wo’z miynetlerinde bir qansha danali’q pikirlerdi ayti’p wo’tken yedi. Prezidentimizdin’ pikirinshe, «Insandi’, woni’n’ ruwxi’y du’nyasi’n ashatug’i’n… bir qu’diretli qural bar, wol da bolsa so’zdin’ qu’direti, ko’rkem a’debiyat boli’p tabi’ladi’. A’debiyatti’n’ insandi’ tani’wshi’li’q dep, shayi’r ha’m jazi’wshi’lardi’n’ bolsa, insan ruwxi’ni’n’ injenerleri dep ta’riypleniwi biykarg’a yemes, a’lbette. …Yeger biz O’zbekistani’mi’zdi’ du’nyag’a tani’tpaqshi’, woni’n’ a’yyemgi tariyxi’ ha’m jarqi’n keleshegin uli’g’law, woni’ a’wladlar yadi’nda ma’n’gilik saqlamaqshi’ bolsaq, yen’ da’slep ulli’ jazi’wshi’lardi’, ulli’ shayi’rlardi’, ulli’ do’retiwshilerdi ta’rbiyalawi’mi’z kerek. Nege degende, ulli’ jazi’wshi’ Sholpanni’n’ aytqani’nday, a’debiyat jasasa – millet jasaydi’.[26]

Haqi’yqati’nda da, xalqi’mi’z wo’z g’a’rezsizligin jen’ip alg’annan keyingi da’wirde ko’rkem a’debiyatta aytarli’qtay wo’zgerisler ju’z berdi. Buri’n qadag’an yetilgen temalarg’a qol uri’wg’a, ayti’w mu’mkin bolmag’an pikir,

---

[26] Karimov I. A. Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. Tashkent, «Manaviyat», 2008, 136-bet, 140-bet.

ideya, woylardi’ su’wretlewge jol ashi’ldi’. Jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ woy-du’nyasi’, pikirlew a’lemi ken’eydi. Wolar wo’mir qubi’li’slari’n haqi’yqat tu’rde su’wretlewge a’ste-a’ste bolsa da kirise basladi’. Na’tiyjede ali’s ha’m jaqi’n wo’tmishimizdegi boli’p wo’tken waqi’yalar, qaraqalpaqlardi’n’ wo’tken a’sirlerdegi uri’s ha’m uri’stan keyingi «tubalawshi’li’q», «qayta quri’w» dep atalg’an da’wirlerdegi turmi’s ha’diyselerine haqi’yqatli’q printsipleri menen jantasi’w mu’mkinshiligi payda boldi’. G’a’rezsizlik qaraqalpaq a’debiyati’na tu’rkiy xali’qlarg’a wortaq bolg’an, biraq totalitar ja’miyet tusi’nda u’yreniw qadag’an yetilip taslang’an Islam dini menen a’debiyati’na baylani’sli’ ma’deniy miyraslardi’ da yerkin u’yreniw ha’m woni’ qayta bahalaw imkaniyatlari’n jaratti’. “Quran” arab a’debiyati’ni’n’ xalqi’mi’zg’a ken’ taralg’an u’lgilerinin’ biri si’pati’nda u’yrenile basladi’.

Wo’tmishimizdegi milliy qa’diriyatlari’mi’zdi’, babalari’mi’zdi’n’ basi’p wo’tken jollari’, tariyxi’ haqqi’nda shi’g’armalar jazi’w wo’zbek a’debiyati’nda ken’nen ko’rine basladi’. A. Aripovti’n’ dramasi’ menen B. Axmedovti’n’ romanlari’nda ulli’ sa’rkarda, tu’rkiy xali’qlardi’n’ g’a’rezsiz ma’mleket du’ziwinin’ u’lken ideologi’ A’mir Temurdi’n’ tariyxi’y, realistlik obrazi’ jarati’ldi’.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda da totalitar ja’miyet tusi’nda “xali’q dushpani’” si’pati’nda jazi’qsi’z qamali’p ketken, yaki watani’n ilajsi’z ta’rk yetip, basqa jurtlarg’a bas panalawg’a ma’jbu’r bolg’an, biraq xali’q, millet ma’pi ushi’n jan pida’ qi’lg’an adamlar ta’g’diri haqqi’nda da’slepki shi’g’armalar payda boldi’. Geypara shi’g’armalarda buri’n qadag’an yetilip taslang’an temalarg’a qol uri’w, xali’q tariyxi’na jan’asha ko’z juwi’rti’w bag’i’ti’ ayqi’n sezilip turdi’. Poeziya ha’m publitsistika janrlari’ g’a’rezsizlik temasi’n so’z yetiwge jedellik penen kiristi. Bul ma’seleler dramaturgiya janri’nda da ma’lim da’rejede sa’wleleniw taba basladi’. Atap aytsaq, proza tarawi’nda T.Qayi’pbergenovti’n’ “Kewlimnin’ qamusi’”, roman-qomusnamasi’ menen “Wo du’nyadag’i’ atama xatlar”, “Qaraqalpaqpan Ta’wekelshimen”, esseleri, A’.Paxratdinovti’n’ “So’ylenbegen tariyx..”, K.Allambergenovti’n’ “Da’rya tarti’lg’an ji’llar”

romanlari’, S.Baxadi’rovani’n’ “Tumaris ha’m Kir” tariyxi’y romani’ G.Esemuratovani’n’ “Qi’zi’m, sag’an aytaman”, “Du’dendegi da’pter”, A.Abdievtin’ “Jin-ji’pi’rlar uyasi’” povestleri, lirika ha’m poemashi’li’qta I.Yusupovti’n’ “Ma’melek woy”, “Paseydonni’n’ g’a’zebi”, “Bu’lbil uyasi’”, “Watan topi’rag’i’” poemalari’ menen “Begligin’di buzba sen” toplami’na yengizilgen qosi’qlari’, J.Izbasqanovti’n’ “Qamal” dramali’q poemasi’, Sh.Ayapovti’n’ “Jan halati’” poemasi’, B.Genjemuratovti’n’ “Mo’de xan so’zi yaki Qi’tay jipegindegi bitik” tariyxi’y poemasi’, N.To’reshova, M.Jumanazarovani’n’ qosi’qlari’, dramaturgiyada T.Qayi’pbergenovti’n’ “Aydos baba”, (“Mi’n’ tillag’a tigilgen gelle”) tragediyasi’, T.Allanazarovti’n’ “Aydos baba” dramasi’, A.Sultanovti’n’ “Jazi’qsi’z to’gilgen qan” kinofilmleri, M.Ni’zanovti’n’ “Yeki du’nyani’n’ a’weresi”, S.Jumag’ulovti’n’ “Adamlar nege buzi’lg’an” pesasi’ usi’nday ruwxta jazi’lg’an shi’g’armalar boldi’.

Jan’a da’wir a’debiyatqa jan’a tema, jan’a qaharmanlar obrazi’n ali’p kirdi. Awi’l xojali’g’i’ndag’i’ fermerlerdin’, turmi’sti’n’ barli’q tarawlari’ndag’i’ is bilermenlerdin’, g’a’rezsizlik ushi’n gu’resken ma’mleketlik iskerlerdin’, jaqi’n wo’tmishti su’wretlegen shi’g’armalarda totalitar ja’miyet qurbanlari’ni’n’ jan’a obrazlari’, tipleri payda boldi’. G’a’rezsizlik da’wir a’debiyati’nda jarati’lg’an jan’a obrazlardi’n’ biri diniy agarti’wshi’lardi’n’ iyshan-ulamalardi’n’ jan’arti’lg’an obrazi’ boldi’. Buni’n’ mi’sali’ si’pati’nda Ye. U’senovti’n’, A. Da’wletmuratovti’n’, I. Yusupovti’n’, G. Yesemuratovani’n’ ,A’. Wo’tepber-genovti’n’, Sh. Usnatdinovti’n’ ha’m basqalardi’n’ do’retpelerin ayti’p wo’tiwge boladi’. A’sirese jazi’wshi’-ilimpaz A’. Paxratdinovti’n’ “So’ylenbegen tariyx” roman-essesin (No’kis, “Qaraqalpaqstan” 1996.), “Sheyitler ta’g’diri” (No’kis, “Qaraqalpaqstan” 2008.) romani’nda bul obrazlardi’n’ ken’ tu’rde ashi’p berilgenligin ko’remiz.

A’. Paxratdinov jazi’wshi’ boli’wi’ menen birge a’debiyatshi’ ilimpaz sipati’nda da xalqi’mi’zg’a belgili. Qaraqalpaq a’debiyatshi’ ilimpazlari’ni’n’ wo’zlerine ta’n jeke wo’zgesheliginin’ biri - wolardi’n’ ko’pshiligi ilimpaz boli’wi’ menen birgelikte qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ rawajlani’wi’na salmaqli’

u’lesin qosqan talantli’ jazi’wshi’lar. Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’nda N. Da’wqaraevti’n’ poeziyali’q, prozali’q, dramali’q do’retpeleri, Q. Ayi’mbetovti’n’ yumor satirali’q prozasi’, K. Mambetovti’n’ lirikali’q povestleri menen tariyxi’y epopeyalari’, K. Allambergenovti’n’ bu’gingi zamanlaslari’mi’z turmi’si’nan ali’p jazi’lg’an ekologiyali’q temadag’i’ roman ha’m povestleri bul ilimpazlardi’n’ talantli’ jazi’wshi’lar yekenliginen de derek berip turadi’.

A’. Paxratdinov wo’tken a’sirdi’n’ 60-ji’llari’nan baslap a’debiyatti’ izertlew iliminde jemisli miynet islep kiyati’rg’an ilimpazlari’mi’zdi’n’ biri. Wol 1966-ji’li’ “Sadi’q shayi’rdi’n’ tvorchestvoli’q joli’” degen temada kandidatli’q dissertatsiya jaqladi’. A’. Paxratdinov 70-80-ji’llarda xali’q shayi’rlari’ni’n’ do’retiwshilik wo’zgeshelikleri ha’m wolardi’n’ XX a’sir poeziyasi’nda tutqan worni’n izertlewge tiykarg’i’ di’qatti’ awdardi’. Woni’n’ bul izlenisleri XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ qa’liplesiw ha’m rawajlani’wi’nda xali’q shayi’rlari’ni’n’ tutqan worni’ haqqi’ndag’i’ 1978-ji’lg’i’ rus tilinde ja’riyalang’an kitabi’nda, sonday-aq 1980-ji’li’ basi’li’p shi’qqan “Xali’q shayi’rlari’nda shayi’rshi’li’qti’n’ kelip shi’g’i’w tariyxi’nan” miynetlerinde ayqi’n ko’rinis tapti’. A’. Paxratdinov bul bag’dardag’i’ ali’p barg’an izertlewleri tiykari’nda 1989-ji’li’ Qaraqalpaq sovet a’debiyati’ni’n payda boli’wi’nda, rawajlani’wi’nda ha’m qa’liplesiwinde xali’q shayirlari’ni’n’ rolleri degen temada doktorli’q dissertaciyasin jaqladi’. Wo’tken a’sirdin’ 80-90-ji’llari’nda A’. Paxratdinov ilim izertlew jumi’slari’ni’n’ ko’pshilik bo’legin Berdaq do’retiwshiligin izertlewge bag’i’shlap, “Qaraqalpaq shejiresi” (1984), “Berdaq shayi’rdi’n’ da’stanli’q shi’g’armalari’” (1987), “Berdaq shayi’r shi’g’armalari’n ji’ynaw, basti’ri’p shi’g’ari’w ha’m izertleniw tariyxi’nan” (1990), “Berdaq shayi’rdi’n’ ko’rkemlik du’nyasi’” (2007) usag’an bir qatar miynetlerin basti’ri’p shi’g’ardi’. Sonday-aq a’debiyatti’ woqi’ti’w ma’seleleri boyi’nsha da salmaqli’ izertlewler ali’p bardi’. Woni’n’ bir neshe ret toli’qti’ri’li’p qayta basi’lg’an, 2004-ji’lda milliy g’a’rezsizlik ideyalari’ ruwxi’nda toli’qti’ri’li’p qayta ja’riyalang’an “Qaraqalpaq a’debiyati’n

woqi’ti’w metodikasi’” (Joqarg’i’ woqi’w wori’nlari’ni’n’ talabalari’ ushi’n sabaqli’q) miyneti bul pikirimizdin’ ayqi’n da’lili bola aladi’. Ilimpaz qaraqalpaq a’debiyattani’w ilimindegi ti’n’, izertlenbegen mashqalalar boyi’nsha ilimiy izertlewler ju’rgizgen ali’m. Qaraqalpaq folklori’, qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ yerte da’wirdegi sag’alari’, XIX a’sirdin’ aqi’ri’ XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ qaraqalpaq a’debiyati’, XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’, qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w ma’seleri boyi’nsha, sonday-aq, Qulmurat shayi’r, Qazi’ Mawlik, Qorazbek Razbek uli’, Sa’piwra shayi’r ha’m basqalardi’ arnawli’ tu’rde izertlegen ali’m. Ma’selen, woni’n’ “XIX a’sirdin’ aqi’ri’ XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’” (1996) atamasi’ndag’i’ ko’lemli miyneti bul bag’darda qaraqalpaq a’debiyattani’w ilimine qosi’lg’an u’lken u’les boli’p tabi’ladi’.

A’. Paxratdiyinovti’n’ da’slepki qosi’qlari’, gu’rrin’leri 1950-ji’llari’nan baslap “Jas Leninshi”, “Qi’zi’l Qaraqalpaqstan” gazetalari’ni’n’ betlerinde dag’azalanadi’. Wol 1951-ji’ldan 1954-ji’llari’ arasi’nda Qaraqalpaqstan Respublikali’q radiosi’nda diktor boli’p isledi. Sol ji’llari’ wol radioda J.Aymurzaev, T.Jumamuratov, K.Sultanov, A.Aliev usag’an jazi’wshi’lar menen birge islesti. Wolardi’n’ A’. Paxratdiyinovke u’lken ta’sirleri bolg’anli’g’i’ so’zsiz. Bul ji’llarda wol ju’da’ ko’p qosi’q ha’m publitsistikali’q materiallar jazi’p radiodan woqi’di’. 1957-ji’li’ “Qi’rag’i’ ko’zler” romani’n jazi’p pitkerdi. 1966-ji’li’ “Dushpan to’rindegi ayqas” povestin jazdi’, 1990-ji’li’ “Razvedchik” atli’ povestin, 1993-ji’li’ “Wo’mir soqpaqlari’” atli’ u’lken romani’n, 1995-ji’li’ “Ju’rekte qalg’an izler” atli’ publitsistikali’q shi’g’armasi’n ha’m “Wotli’ jollar”, povestin dag’azaladi’. 2000-ji’li’ “Aydos biy haqqi’nda a’psana” povestin, 1996-ji’li’ “So’ylenbegen tariyx”, 2008-ji’li’ “Sheyitler ta’g’diri” atli’ tariyxi’y romanlari’n, respublikami’zdi’n’ woqi’wshi’lari’na usi’ndi’. Jaziwshi’ni’n’ “Dushpan to’rindegi ayqas” ko’rkem do’retpesi ko’p ji’llar dawami’nda yel aralap, yekinshi jer ju’zlik uri’sqa qatnasi’p, qan to’kken azamatlari’mi’z benen ushi’rasi’p, wolardi’n’ basi’nan wo’tken, ju’reklerinde ma’n’gi iz qaldirg’an waqi’yalari’ tiykari’nda, wolardi’ uli’wmalasti’ri’p,

tipizatsiyalap, ko’rkem so’z, ko’rkem obrazlar menen woqi’wshi’g’a jetkeredi. Bul ko’rkem shi’g’armada adamni’n’ ayri’qsha jag’daylarg’a tu’skende adamgershilikti, birinshi gezekte wo’zinin’ insan yekenin yesten shi’g’armaw, qanday awi’r jag’daylar bolsa da wo’z xalqi’na u’lken sadi’qli’qti’ saqlap qali’w, ma’selelerin ko’remiz. Wol son’g’i’ ji’llarda tariyxi’y temani’n’ sheberi si’pati’nda da ko’zge tu’sip kiyati’r. Buni’n’ ayqi’n mi’sali’ si’pati’nda woni’n’ “Aydos biy haqqi’nda a’psana” povesti menen “So’ylenbegen tariyx” roman-essesin, “Sheyitler tag’diri” romani’n ko’rsetiwimiz mu’mkin. A’. Paxratdinovtin’ “Aydos biy haqqi’nda a’psana” povesti 1999-ji’li’ “A’miwda’rya” jurnali’ni’n’ 3/4 ha’m 5/6 sanlari’nda ja’riyalanadi’. Povesttin’ ja’riyalani’wi’ menen pu’tkil Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ko’leminde ken’ kitap woqi’wshi’lar ta’repinen unamli’ pikirler ayti’la basladi’. A’sirese, “A’miwda’rya” jurnali’ redakciyasi’na Taxtako’pir, Shi’mbay, Xojeli, No’kis, Qanli’ko’l rayonlari’nan povest jo’ninde ko’plegen unamli’ xatlar kelgen. Sonday-aq avtordi’n’ keyingi “So’ylenbegen tariyx” roman-essesi, “Sheyitler tag’diri” romani’diniy ag’artiwshi’lardi’n’ xali’q turmi’sindag’i’ worni’, wolardi’n’ xi’zmetleri ken’ ko’lemde ashi’p beriliwi menen aji’rali’p turadi’.

“So’ylenbegen tariyx” roman-essesinde sovetlik da’wirde jazi’wg’a qadagan yetilgen tariyx suwretlenedi. Romanda Abdulla axunni’n’ basshi’li’g’i’nda qaraqalpaq jigit-qi’zlari’ni’n’ Buxara, Xiywa medreselerine bari’p bilim ali’wlari’, sawatli’li’q, yeldi, xali’qti’ sawatlandi’ri’w ushi’n yetken xi’zmetlerin ko’remiz. Shi’g’armada Abdulla axunni’n’ portreti tomendegishe beriledi: “Abdulla axun Haji’xoja Seyitxoja uli’ iri deneliden kelgen, basi’ u’lken, uzi’n at jaqli’, saqal murtlari’ appaq quwday boli’p qalg’an adam yeken. U’lken qi’li’p worag’an sa’llenin’ asti’nan shashi’ ko’rinbey tur. U’stine jelbigey salg’an zerli shapani’ni’n’ yetegi jer si’ypap tur. Ayag’i’nda zerli gewish ma’si, qartayg’an adam yeken. Qartayg’an menen so’zlerdi shaqmaqti’n’ tasi’nday ani’q qi’li’p so’yleydi.” (53-bet). Biz bunnan axunni’n’ sirtqi portreti menen, jumi’si’mi’zdin’ II babinda so’z yetken Murat shayi’qtin’ portreti arasindag’i’ usasli’qti’ bayqaymi’z. Murat shayi’qti’n’ portretinde de melle

shapanli’ aq sa’lleli, aq shapanli’ g’arrili’qtan en’sesi sa’l du’n’kiygen dep ko’rsetilgen. Solay bolsa da jaziwshi’lardi’n’ arasi’ndag’i’ portretlik su’wretlew usi’llari’ni’n’ wozlerine ta’n stillik wo’zgeshelikleri ko’rinip turadi’. T. Qayi’pbergenov Murat shayi’qti’n portretin shi’g’arma dawami’nda woni’n’ qi’ymi’l ha’reketleri arqali’ toliqtirip baradi’. Abdulla axun obrazi’ni’n’ yele de jrtilistiriliwinde ko’rkem detal “Haqiyqatnama” xati’ni’n’ worni’ girewli. Wonda axunni’n’ sawatli’li’g’i’ menen birge xali’qti’n’ ta’g’dirine jan ku’ydiretug’i’n tulg’a bolg’anli’g’i’n bayqaymi’z. Woni’n’ yeldin’ arasi’ndag’i’ meshitlerge jibergen bul xati’nda qalqi’mi’zdi’n’ tariyxi’ bayanlanadi’. Axun xaliqti birlikke shaqiradi Xiywa xani Muhammed Raxim xanni’n’ a’dilsiz siyasati’na qarsi’ guresedi. Jazi’wshi’ axun obrazina sol da’wirdegi turmi’sli’q waqiyalardi’ sin’dire alg’an. Soni’n’ menen birge shi’g’armada Nuri’lla axun obrazi’ bas qaharman si’pati’nda ashi’p beriledi. Woni’n’ diniy ag’arti’wshi’li’g’i’, sawatli’li’g’i’, Xiywa medreselerinin’ birinde bas imam boli’p islewi, Xorezm jazi’wlari’n, Yeski Turan, Turkistan, Mavarawnnaxrda jasawshi’ xali’qlar tariyxi’n u’yreniwi, soni’n’ menen birge qaraqalpaqlar tariyxi’n jazi’wi’ ma’selesi isenimli su’wretlenedi. Roman-essenin’ to’rtinshi bo’liminde Bekmurzani’n’ balasi’ Nuri’llani’n’ won alti’ jasar wo’spirim da’wiri menen tani’sami’z. Wol jaslayi’nan-aq bilim ali’wg’a i’qlasli’ boladi’.

“Wol wo’z atasi’ni’n’ meshitinde woqiwdi’ usi’ jazda tamamlaydi’. Balani’n’ i’qlasi’ woqiwg’a ju’da’ zor. Nuri’llani’n’ wo’zinin’ aytqani’ bolsa, wol Buxarayi’y sha’ripke ketip, Ko’kaltash medresesine bari’p woqi’wg’a tu’sejaq. Bar aqi’l woyi’, woni’n’ i’qlas niyeti sonday.” (82-bet).

Nuri’llani’n’ womir joli’ni’n’ ashi’li’wi’nda avtor ko’rkem toqimalardan da paydalanadi. A’sirese woni’n’ bilim aliw joli’ndag’i’ tabislari’ shi’g’arma dawami’nda ashi’la baslaydi’. Woni’n’ to’mendegi portretine itibar bergenimizde medresede bilim ali’p jetik molla boli’p jetiskenin ko’remiz: “Ha’mmenin’ kewil di’qqati’ Nuri’llada. Wol u’stine sup-suli’w tik jag’a aq beshpent kiygen. Basi’nda aq sa’lle. Ayag’i’nda ji’lti’r ma’si. Wol awi’lda ju’rgende sari’ si’nli’lawday yedi. Ha’zir appaq dumalaq ju’zli, qoyi’w qara

qasli’, ha’r iyninde bir adam woti’rg’anday kelsen’ kel jigit boli’p qali’pti’. Wol saqqa ju’ginip yeki ayaqqa minip woti’r. Sa’l iyinlilew jawi’rinli’ jigit boli’p jetisken. Shamasi’ wol wonsha ju’da’ iri de, ju’da’ mayda da yemes, wortasharaq jigit bolajaqqa usaydi’.” (101-bet). Shig’armada Nurilla axun menen birge A’jiniyaz axunni’n’ (A’jiniyaz shayi’r) da obrazi’ beriledi. Biz woni’ shi’g’armada Nuri’lla axun menen A’jiniyaz axunni’n’ (shayi’r) Agahiydin’ u’yine qonaqqa barg’andag’i’ wolar arasi’ndag’i’ dialogda ko’remiz. Bul dialog arqali’ shayi’r tariyxi’y waqiyali’li’qti’ sa’wlelendiriwi menen birge, olardi’n’ psixologiyali’q halati’n da ko’rsetedi. “Agahiydin’ bu’gin rastan-aq ju’da’ kewilli yekenligi bilinip turdi’. Wol kewilli tu’rde A’jiniyaz axunnan:

-Jasi’n’i’z neshede? –dep sorap qaldi’.

-Qirq segizde, -dep juwap berdi A’jiniyaz axun woylani’p turmastan-aq.

-Jas yekensiz! –dep boli’p, jigit ag’asi’ yekensiz. Qaraqalpaqlarda bul jastag’i’ adamlardi’ “jigit ag’asi’” –dep ataydi’.” (171-bet)

Soni’n’ menen birge roman-essede sovetlik du’zimnin’ wornawi’ arqali’ eski menen jan’a siyasat arasi’ndag’i’ keskin gu’resler sheberlik penen su’wretlenedi. Nuri’lla axun obrazi’ avtordi’n’ “Sheyitler ta’g’diri” tariyxi’y romaninda da beriledi. Bul roman tariyxi’y shi’nli’q tiykari’nda jazi’lg’an shi’g’arma. Wonda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ buri’nnan bay tariyxqa, a’debiyatqa, ma’deniyatqa, ilim hikmetlerge iye xali’q bolg’anli’g’i’, XX a’sirdin’ 20-30-ji’llari’nda qi’zi’l imperiyani’n’ basip ali’wi’, meshit, medreselerdin’ qiyrati’li’wi’, axun ulamalardi’, milliy ziyali’lardi’ joq qi’li’wlari’, bug’an qarsi’ xali’q narazi’li’g’i’, bul ma’selelerde yeldin’ ruwxi’y tayani’shi’ bolg’an Qumo’zek iyshan, Nuri’lla axun medreselerinin’ axunlari’ni’n’ rolleri, xali’qti’n’ milleti, woni’n’ tariyxi’n, ma’deniyati’n saqlap qali’w ushi’n Ja’lel maqsi’m, Q. A’wezov, Kerimberdi axun, Asqar qazi’, Barli’qbay boli’s, Palwan boli’s, Qi’di’r qazi’, Sapar jalan’ashlardi’n’ sovet hu’kimetinin’ bul jawizli’qlari’ menen gu’resleri ashi’p beriledi.

Tariyxi’y romanlar poetikasi’ boyi’nsha izertlewler ju’rgizgen ilimpaz H. Wo’temuratova to’mendegishe pikirlerdi keltiredi. “Tariyxi’y shi’g’armalarda

tariyxi’y iskerler obrazlari’ jarati’li’wi’nda tiykarg’i’ wo’lshemi tariyxi’y shi’nli’q, jazi’wshi’ tariyxi’y dereklerden, hu’jjetlerden, arxiv materiyallari’nan, xali’q awzi’ndag’i’ a’n’gime, a’psana, legendalardan tariyxi’y shi’nli’qti’ ju’zege keltiredi, sol tariyxi’y shi’nli’qti’ wo’z ko’rkem qi’yali’ menen ko’rkem shi’nli’qqa aylandi’ri’p ja’ne tariyxi’y iskerlerdin’ obrazlari’n do’retedi.”[27] Ilimpazdi’n’ tasti’yi’qlag’ani’nday, jazi’wshi’ tariyxi’y adamlar obrazi’n do’retiwde tariyxi’y shi’nli’qti’ materiyal si’pati’nda aladi’ da, woni’ do’retiwshilik qatnas penen qayta isleydi. Jazi’wshi’ du’nyag’a keltirgen tariyxi’y obrazlar sol taiyxi’y shaxslar wo’mirinin’ da’l ko’shirmesi de yemes, sonday-aq wol shaxslarg’a tariyx bergen bahag’a qayshi’ kelmewi de kerek. Tariyxi’y romanda tiykarg’i’ obrazlar prototipler tiykari’nda do’retiledi. Jazi’wshi’ roman jazi’w ushi’n wo’zi tiykarg’i’ qaharman yetip tan’lap alg’an adamlar haqqi’ndag’i’ tariyxi’y shi’nli’qti’, wo’z qaharmanlari’na tariyx bergen minezlemeni, ha’zirge shekem saqlani’p jetken tariyxi’y dereklerdi u’yrenedi. Biz so’z yetip woti’rg’an romanda avtor tariyxi’y mag’li’wmatlarg’a iye yekenligi ko’rinip tur. Shi’g’armada tariyxi’y shi’nli’q ha’m ko’rkem qi’yaldi’n’ birikpesi si’pati’nda ko’rkem do’retiigen diniy ag’artiwshi’li’q obrazlardi’n’ biri Kerimberdi axun obrazi’. Axun yel arasi’ndag’i’ sawatli’, ilimli qa’tquda adamlardi’n’ biri. Wol romanda xali’qti’n’ hu’rmetine bo’lengen, yeldin’ birligi ushi’n gu’resiwshi obraz si’pati’nda ko’rinedi. Kerimberdi axun obrazi’n beriwde jazi’wshi’ qi’yali’ sheberlik penen paydalani’lg’an ha’m sol da’wir ko’rinisin bere alg’an.

Juwmaqlap aytqanda A’. Paxratdinovti’n’ bul shig’armala-ri’ndag’i’ diniy ag’arti’wshi’lardi’n’ obrazlari’ dawir na’pesi menen birge jarati’lg’an. Jan’a duzimnin’ quwdalawlarindag’i’ wolardi’n’ is-ha’reketleri, shekken ja’birlerin woqiwshi’ga toli’q ashi’p bere alg’an.

---

[27] Wo’temuratova H. Qaraqalpaq tariyxi’y romani’ni’n’ poetikasi’. No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1997, 7-bet.

## III. 2. I.Yusupovti'n' «Watan topi'rag'i'» poemasi'nda Apsamed axun obrazi'

I.Yusupov – ha'r qanday so'zge poetikali'q wazi'ypa ju'klep, woni' ko'rkem so'zge aylandi'ri'wdi'n', jan'asha so'z birikpelerin ju'zege keltirip, so'zlerdin' ma'nilerin jan'alawdi'n', woni' ju'rekten wo'tkerip, ju'reklerge jetkerip qollani'wdi'n' sheberi. XX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nan baslap qaraqalpak poeziyasi'ni'n' rawajlani'w bari'si' I.Yusupovti'n' do'retiwshiligi menen tikkeley baylani'sli'. Wol 1950-ji'llardan baslap a'debiyatqa kirip kelip, pu'tin do'retiwshilik wo'mirinde qaraqalpaq a'debiyati'nda, a'sirese, poeziyada yen' ko'zge ko'ringen talant iyesi boldi'. Woni'n' poeziyasi' teren' lirizmi, joqari' sheberlik, janrli'q ko'p tu'rliligi menen xarakterlenedi. Shayi'r qaraqalpaq lirikasi'n janrli'q jaqtan yele de rawajlandi'rdi', jetilistirdi. Qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' a'sirler dawami'nda qa'liplesken da'stu'rlerin du'nya a'debiyati' da'stu'rleri menen sintezledi, jana janrli'q tu'rlerdi ha'm ko'rkem formalardi' ali'p kirdi.

Prezidentimiz I.A.Karimov XXI a'sir bosag'asi'ndag'i' shi'g'i'p so'ylewlerinin' birinde Qaraqalpaq xalqi'ni'n' a'yyemgi xali'q ha'm bay tariyxqa iye yekenligin ayti'p, woni'n' XIX a'sirde Berdaq, A'jiniyaz kibi bu'lbilziban shayi'rlari' menen bir qatarda usi' da'stu'rlerdi dawam yetip ati'rg'an XX a'sirde de İbrayi'm Yusupov, To'lepbergen Qayi'pbergenov, Tilewbergen Jumamuratov kibi ulli' ko'rkem so'z zergerlerinin' shi'g'armalari' xalqi'mi'z g'a'ziynesinen i'layi'qli' wori'n ali'p ati'rg'anli'g'i' ayri'qsha bir zawi'qlani'w menen atap wo'tken edi.[28] Haqi'yqati'nda da, Prezidentimiz aytqanday, İ.Yusupov XX a'sir ha'm XXI a'sir basi'ndag'i' qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' u'lken baytereklerinin' biri. Shayi'r wo'z woqi'wshi'lari'na jigirmadan aslam poeziyali'q toplami'n, wonnan aslam poemalari'n usi'ndi'. Wol tek shayi'r boli'p qalmastan a'jayi'p prozali'q ha'm dramali'q shi'g'armalar da do'retti, a'debiyattani'w iliminin' ha'r qi'yli' problemalari'na

---

[28] Karimov I.A. Asarlari, T.8., Toshkent. «Uzbekiston», 2000. B.110.

quri’lg’an si’n maqalalar ja’riyaladi’. Shayi’r do’retpeleri ori’s, wo’zbek, qi’rg’i’z, qazaq, bashqurt ha’m basqa tillerge awdari’li’p, milliy ko’rkem so’zimizdi du’nyag’a tani’tti’. Wol ori’s ha’m basqa du’nya a’debiyati’ klassiklerinin’, tu’rkiy tilles xali’qlar so’z sheberlerinin’ shi’g’armalari’n qaraqalpaq tiline awdari’p, ja’miyettin’ ko’rkem – estetikali’q du’nyasi’n bayi’ti’wg’a salmaqli’ u’les qosti’. I.Yusupovti’n’ a’debiyati’mi’zdag’i’ usi’nday ulli’ xi’zmetleri i’layi’qli’ bahalani’p, wog’an Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’q, O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan xali’q shayi’ri’, O’zbekistan qaharmani’ hu’rmetli ataqlari’ berilgen. 2009-ji’li’ shayi’rdi’n’ 80 ji’lli’q merekesinin’ Prezidentimiz pa’rmani’ tiykari’nda pu’tkil Respublikami’z boylap belgileniwi woni’n’ biybaha ruwxi’y miyraslari’na bolg’an sheksiz hu’rmet-izzettin’ bir ko’rinisi boldi’. Qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde I.Yusupov do’retiwshiligi belgili da’rejede izertlendi. Bir qansha a’debiyatshi’lardi’n’ monografiyalari’, arnawli’ izertlewleri, ilimiy maqalalar ja’riyalandi’. Qaraqalpaq poeziyasi’n tutas hali’nda ha’m ayri’qsha I.Yusupov poeziyasi’n izertlew bag’dari’ndag’i’ S.Axmetovti’n’ «Qaraqalpaq sovet poeziyasi’» (1988), G.Esemuratovti’n’ «Ibrayi’m Yusupovti’n’ poeziyasi’» (1976), T.Ma’mbetniyazovti’n’ «Poeziya haqqi’nda woylar» (1985), «Qaraqalpaq sovet lirikasi’» (1989), Q.Orazi’mbetovti’n’ «Ha’zirgi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkemlik izleniwshilik» (1992), «Ha’zirgi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkem formalardi’n’ evolyutsiyasi’ ha’m tipologiyasi’» (2004), A’.Nasrullaevti’n’ «Tradiciya ha’m zamanago’ylik» (1985), K.Xudaybergenovti’n’ «Lirika ha’m wo’mir» (1972), J.Esenovti’n’ «Poeziya juldi’zi’» (2003) monografiyalari’ menen birge, J.Maqsetovani’n’ «I.Yusupovti’n’ poetikali’q sheberligi» (1992), A.Hamidovani’n’ «I.Yusupov tvorchestvosi’ ha’m Evropa a’debiyati’» (1999), M.Ma’mbetovani’n’ «I.Yusupov poeziyasi’nda qosi’q quri’li’si’» (1999), D.Paxratdinovti’n’ «I.Yusupov poeziyasi’nda Shi’g’i’s klassikleri da’stu’rleri» (2001) kandidatli’q dissertatsiyalari’nda shayi’r poeziyasi’ni’n’ wo’zinshelikleri u’yrenilgen.

I.Yusupovti’n’ 2004 –ji’li’ «Qaraqalpaqstan» baspasi’nan jari’qqa shi’qqan «Ha’r kimnin’ wo’z zamani’ bar» toplami’ ha’r qi’yli’ mazmundag’i’ lirikali’q qosi’qlar ha’m «Watan topi’rag’i’» poemasi’nan ibarat. Toplamdag’i’ shi’g’armalardi’n’ woni’n’ basqa toplamlardan tiykarg’i’ tematikali’q ayi’rmashi’li’g’i’ – bul ha’zirgi zaman na’pesi menen jasap ati’rg’an mol turmi’sli’q ta’jiriybege iye lirikali’q qaharmanni’n’ jan’a a’sir bosag’asi’nda du’nya ju’zinde ti’ni’shli’q ha’m jaqsi’li’q boli’wi’n qa’leytug’i’n, wo’z xalqi’ni’n’ kelesheginen u’lken u’mit ku’tetug’i’n woy-niyetleri, tolg’ani’slari’nan ibarat. G’a’rezsizlik da’wirinde bir tutas qaraqalpaq poeziyasi’, soni’n’ ishinde I.Yusupov poeziyasi’nda milliy da’stu’rlerge sadi’q ra’wishte da’wirdin’ barli’q jetiskenlik ha’m kemshiliklerin woni’n’ bir perzenti si’pati’nda jan ashi’ti’p su’wretlew dawam yetkenligin toplamdag’i’ qosi’qlar da’lilleydi. G’a’rezsizliktin’ da’slepki ji’llari’nda respublikami’zdag’i’ wo’tiw da’wirinin’ qi’yi’nshi’li’qlari’, ekonomikali’q dag’dari’slar, ekologiyali’q apatshi’li’q, suwsi’zli’q mashqalasi’, sonday-aq, ja’miyettegi moralli’q qatnaslar, insap-hu’jdan problemalari’ toplamdag’i’ qosi’qlarda wo’zinin’ ko’rkem sa’wleleniwine iye bolg’an. Shayi’r bul mashqalalar haqqi’nda so’z yeter yeken, qurg’aq bayanlap qoymastan woni’n’ sheshimin tabi’wg’a ha’reket yetedi. Toplamdag’i’ shi’g’armalardi’n’ ba’ri de woqi’wshi’g’a teren’ woy saladi’, g’a’rezsizlik bergen mu’mkinshiliklerge maqtani’sh sezimin payda yetedi, yel-xali’q ta’g’dirine bas qati’ri’wg’a ma’jbu’rleydi.

Toplamda wo’tken a’sirdegi totalitar da’wirinin’ unamsi’z aqi’betlerin ashi’p beriwshi “Watan topi’rag’i’” poemasi’ wori’n alg’an. Shi’g’arma avtordi’n’ son’g’i’ poemasi’. Bul poema do’retilgenge shekem avtordi’n’ qa’lemi qayta-qayta i’si’lg’an. Soni’n’ ushi’n bolsa kerek, poemani’n’ ko’rkemlilik da’rejesi joqari’, tan’lang’an tema da aktual. Poemani’n’ bas qaharmanlari’ Apsamed axun (Sa’met molla), Mehmet, İsmet, Nuri’lla bey ha’m Janna. Avtor Apsamed axun obrazi’ arqali’ repressiyani’n’ sebebinen yelden shi’g’i’ni’p ketken, awi’r ta’g’dirdi basi’nan keshirgen ulama ha’m axunlardi’n’ tiplik obrazi’n jasaydi’.

Poema shayi’r tilinen ha’m qi’ssadag’i’ bas obraz Apsamed axunni’n’ balasi’ Mami’t (Mexmet) tillerinen bayan yetiledi. Shayi’r waqi’yani’n’ haqi’yqatli’g’i’n woqi’wshi’ an’i’na isenimli sin’dire alg’an. Wondag’i’ do’retilgen obrazlar shayi’rdi’n’ waqi’yani’ bayan yetiw bari’si’ menen belgili bola beredi. Avtor waqi’yani’ XX a’sirdin’ 80-ji’llari’n su’wretlew menen baslag’an. Ol da’wirlerde buri’ng’i’ ken’es awqami’na shet yelden kelgenler qatti’ qadag’alaw asti’nda bolar yedi. Shayi’r sol da’wirdin’ siyasati’n jalan’ shaqi’ri’qlarg’a bay yekenligin bi’layi’nsha ta’riypleydi:

Dosli’q!- dep qi’shqi’ri’p ba’lent minberden,
Hasli’ jati’rqawi’q bir zaman yedi. (74-bet)

1930-ji’llari’ siyasatti’n’ basi’mi’ menen Ana jurti’nan qashi’wg’a ma’jbu’r bolg’an Apsamed axun shi’g’armani’n’ tiykarg’i’ qaharmani’ yesaplanadi’ ha’m derlik waqi’yalardi’n’ ba’ri usi’ obraz a’tirapi’nda boli’p wo’tedi. Apsamed axun obrazi’ shayi’rdi’n’ sheber jaratqan obarzlari’ni’n’ biri boli’p, bul obrazdi’n’ ishki xarakteri, si’rtqi’ kelbeti, sansi’ni’n’ ken’ligi shayi’rdi’n’ waqi’yag’a aralasi’w arqali’ ha’m og’an lirikali’q su’wretlewlerdi ko’plep kirgiziwi arqali’ ani’q ashi’ladi’.

“Adam obrazi’n jasaw a’sirese poemada tiykarg’i’ na’rse, jazi’wshi’ni’n’ aytayi’n degen oyi’ sol obraz arqali’ ma’lim boladi’. Sonli’qan obraz shi’g’armani’ tutasti’ri’wshi’ xarakterge iye boladi’. Adamni’n’ minez-qulqi’, xarakteri wo’zine ta’n bolg’an belgiler menen aqi’lg’a si’yi’mli’ yetip, isenimli tu’rde ashi’lsa, wol woqi’wshi’ni’n’ yadi’nda bekkem saqlanadi’.”[29] İ.Yusupov Apsamed axun obrazi’n mine usi’ taqi’lette do’rete alg’an. Qaharmanni’n’ xarakteri basi’na tu’sken awi’rmanli’qlar ha’m qi’yi’nshi’li’qlar tiykari’nda ashi’la baslaydi’. Poemani’n’ basi’nda-aq Apsamed axunni’n’ sawatli’, kishipeyil, adamgershilikli insan yekenin an’lawi’mi’zg’a boladi’. Turmi’sti’n’ g’alma-g’alli’ qi’yi’nshi’li’g’i’na, joqshi’li’g’i’na qanshama qi’ylansa da a’tiraptag’i’larg’a si’r bildirmeydi. A’sirese, balasi’ aldi’nda bunday

[29] Axmetov S. Qaraqalpaq sovet poeziyasi’. No’kis, Qaraqalpaqstan, 1988, 147-bet.

awi’rmanli’qti’ wog’an sezdirmewge ha’reket yetip, bul qi’yi’nshi’li’qlardi’ a’piwayi’ na’rseler qatari’nda qaraydi’. Bul xarakteri Apsamed axunni’n’ balasi’ menen a’wliyege qoni’p, jamg’i’r suwi’nan shay demlep, Mami’tqa Muxammed payg’ambar haqqi’ndag’i’ a’psanalardi’ ayti’p, balasi’ni’n’ kewlin aldarqati’wlari’nda ani’q ko’rinedi.

Avtordi’n’ shi’g’armani’ jazi’w bari’si’ndag’i’ uti’mli’ tamanlari’ni’n’ biri - 30-ji’llardag’i’ yelimizdegi ja’miyetlik siyasatti’ ha’r bir so’zinde qaralap woti’rmay, qi’ssani’ woqi’g’an woqi’wshi’ni’n’ wo’zine wo’tken waqi’yalar negizinde juwmaq jasawdi’ ma’sele yetip qoyadi’. XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ ja’miyetimizdegi siyasat din iyelerin quwdalap, ateistlik ko’z qarastan pikir ju’ritiwdi talap yetti. Ha’tteki, awi’lda adam qayti’s bolg’an waqti’nda janazasi’n woqi’tti’rmag’a shekem barg’an basshi’lar da boldi’. Bul qi’ssa ishinde wo’z ko’rinisin tapqan.

Apsamed axun obrazi’nda u’lken adamgershilik tuyg’i’lar berilgen. Barg’an awi’li’nda bir jarli’ kisi qayti’s boli’p, balasi’ kepin tappay turg’anda, diywanashi’li’q penen ku’n keshirip ju’rgen Apsamed axun bar puli’na marhumg’a kepin sati’p ali’p berip, woni’ jayg’asti’radi’. Bul musi’lmanshi’li’qti’n’ ha’m insani’yli’qti’n’ ag’la pazi’yletlerin shayi’r poetikali’q til menen bi’layi’nsha ta’riypleydi:

Axun wo’z puli’na shi’t a’keldirdi,
Suwg’a da yendirdi ha’m kiyindirdi.
Janazasi’n woqi’p, qutli’ jayi’na,
Qondi’ri’p, marhumdi’ jerlep te berdi. (85-bet)

Bul islegen insapli’ isleri axunni’n’ xali’q arasi’nda abi’royi’n ko’terip, Nuri’lla bey menen jaqi’nnan tani’si’wi’na sebepshi boladi’. Nuri’la bey saqawatli’, yetek-jen’i ken’, isbilermen kisi yedi. Sol arqali’ axun meshit ashi’p, uli’ Mami’tti’, Nuri’lla beydin’ balasi’ İsmetti ha’m basqa da oqi’wshi’lardi’ bilim iyelewge u’yretedi.

Poemani’n’ yen’ kulminatsiyag’a ko’terilgen jeri ha’m Apsamet axunni’n’ obrazi’ni’n’ toli’q ashi’lg’an jeri Nuri’lla beydin’ jazg’i’ sarayi’ni’n’

wo’rtengeni yesaplanadi’. Lawlag’an wo’rt ishinen Nuri’lla beydin’ qi’zi’ Jannani’ Apsamet axunni’n’ qutqari’p qali’wi’ shayi’r ta’repinen ju’da’ ta’sirli ha’m sheber su’wretlengen.

Suw shapani’n sheship, qi’zdi’ woradi’,
Jali’n gu’wlep, ko’zge tu’tin uradi’.
Wotli’ basqaldaqtan tu’sip kiyati’r,
Tiriley dozaqta jani’p baradi’. (96-bet)

Qalpaq qashshan jani’p ketken bastag’i’,
Bet-awi’zi’ ku’ygen, ko’z ha’m qasdag’i’.
Jawi’ri’nda jani’p keler aq ko’ylek,
Wo’zi ku’ydi, qi’zdi’n’ ju’zin ashpadi’. (97-bet)

Avtor qi’ssadag’i’ waqi’yani’ sonday sheber su’wretlegen, woqi’wshi’ni’n’ yeti tu’rshigedi. Lawlag’an jali’n, u’stin’gi qabattag’i’ uyqi’lap jatqan kishkene qi’zdi’n’ jandi’ jegendey shi’rlag’an dawi’si’, qi’zdi’ qutqari’p, wo’zi wo’rtenip kiyati’rg’an adam tulg’asi’ ko’z aldi’mi’zda boli’p ati’rg’an waqi’yaday boli’p ko’rinedi. Ha’tteki waqi’yani’ bayanlap woti’rg’an shayi’r da qatti’ ta’sirlenip:

Qutqardi’ wol so’ytip bul u’ydin’ qi’zi’n,
Juwi’ri’p, ha’wizge tasladi’ wo’zin...
Adam jani’ qansha azapqa to’zer
Qa’lem ju’rmey ati’r jazbag’a izin... (97-bet)

- dep qi’ylanadi’.

I.Yusupov Apsamet axun obrazi’ arqali’ XX a’sirdin’ 30-ji’llari’ quwdalawg’a ushi’rag’an jerleslerimizdin’ ta’g’dirin su’wretley alg’an. Baslari’nan qanshama qi’yi’nshi’li’qlardi’ keshiriwlerine qaramastan Ana Watang’a degen muhabbati’ ha’m sag’i’ni’shi’ saqlang’ani’n teren’ lirizm menen bayanlanadi’. Apsamed axun obrazi’ adamgershiliktin’ yen’ ag’la pazi’yletlerin, iyman ha’m insapti’, bilim ha’m ilimdi wo’z boyi’na ja’mley

alg'an ag'arti'wshi', sonday-aq, woqi'wshi'da bul insang'a degen u'lken su'yispenshilik sezimlerin oyati'w qu'diretine iye.

Juwmaqlap aytqanda g'a'rezsizlikten keyingi da'wirde do'retilgen ko'rkem shi'g'armalarda diniy ag'arti'wshi'lardi'n' obrazi XX a'sirdin' 20-30-ji'llarinda jan'a hu'kimettin' wornawi', wonin' ulama iyshanlarg'a degen unamsi'z siyasati' tiykari'nda jarati'p berilgen.

## JUWMAQ

G’a’rezsizlik ja’miyetlik turmi’sti’n’ barli’q tarawlari’nda, soni’n’ ishinde ruwxi’y turmi’stag’i’ jan’alani.’w procesin, tu’pkilikli wo’zgerisler da’wirin baslap berdi. Wo’zligimizdi an’law, ruwxi’y qa’diriyatlari’mi’zdi’ tiklew procesi wo’tip ati’rg’an ha’zirgi da’wirde ata-babalari’mi’zdi’n’ dini boli’p kelgen islamg’a mu’na’sibet wo’zgerdi. Ata-babalari’mi’zdi’n’ muqaddes isenimi bolg’an islam dini joqari’ ag’artiwshi’li’q paziyletlerdin’ qa’liplesiwine xi’zmet yetken. Wol arqali’ xalqi’mi’z mi’n’ ji’llar dawami’nda bay ruwxi’y miyrasi’n, wo’zligin saqlap kelgen. Din tarawi’nda du’nya ju’zlik a’hmiyetke iye bolg’an ulamalardi’n’ miyrasi’n u’yreniw, ata-babalari’mi’z ta’repinen ko’p a’sirler dawami’nda jarati’p kelingen ju’da’ u’lken, biybaha ruwxi’y ha’m ma’deniy miyrasti tiklew ma’mleketlik si’yasat da’rejesine ko’terilgen wog’ada a’hmiyetli waziypa boli’p qaldi’. Uzaq waqi’t dawam yetken ideologiyali’q qi’si’mg’a qaramastan xalqi’mi’z a’wladtan a’wladqa wo’tip kelgen tariyxi’y qa’diriyatlari’n ha’m da’stu’rlerin saqlap qali’wg’a yeristi. G’a’rezsizlik ji’llari’nda xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y turmi’si’nda, woni’n’ aji’ralmas bo’legi bolg’an ko’rkem a’debiyatta unamli’ wo’zgerisler ju’z berdi. Buri’n qadag’an yetilgen temalarg’a qol uri’wg’a, ayti’w mu’mkin bolmag’an pikir, idea, woylardi’ su’wretlewge jol ashi’idi’. Na’tiyjede ali’s ha’m jaqi’n wo’tmishimizde boli’p wo’tken waqi’yalarg’a haqi’yqatli’q princpleri menen jantasi’w mu’mkinshiligi payda boldi’.

Ko’rkem shi’g’arma woqi’wshi’ qa’lbine ko’rkem obrazlar arqali’ jol alatug’i’nli’g’i’ belgili. Sonli’qtan obrazlar jasalma yemes, al haqi’yqi’y, wo’mirshen’ insani’yli’q ta’biyati’n sheber ashi’p berilgen boli’wi’ talap yetiledi. Jazi’wshi’ ko’rkem obraz do’retiwde woni’n’ tiykari’n turmi’stan aladi’, turmi’s ha’diyseleri tiykari’nda do’regen idealari’n ko’rkem qi’yali’ arqali’ qayta islep, adamlar du’nyasi’ni’n’ ko’rkem sa’wlesin payda yetedi. Biz bul jumi’si’mi’zda Qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ diniy ag’arti’wshi’lardi’n’ ko’rkem obrazlari’ boyi’nsha wo’z baqlawlari’mi’z tiykari’nda ko’zqaraslari’mi’zdi’, pikirlerimizdi beriwge ha’reket yettik. Obraz jasaw-

ko’rkem a’debiyatti’n’ tiykarg’i’ qa’siyeti. Jazi’wshi’ belgili bir da’wirdin’ xarakterli belgisin, a’hmiyetli yesaplag’an ma’selelerin ji’ynaqlap, tipiklestirip, obraz arqali’ shi’nli’q turmi’sti’n’ kartinasi’n jasaydi’. Obrazlar arqali’ woqi’wshi’ ha’r tu’rli konkret tariyxi’y jag’dayda qa’liplesken, wo’sip wo’ngen adamlardi’n’ tipleri menen tani’sadi’, sol adamlardi’n’ tiplerin tu’siniw arqali’ belgili da’wirdin’ xarakteri, sol da’wirdegi adamlardi’n’ u’rp-a’deti, minez-qulqi’, psixologiyasi’ menen tani’sadi’. Biz bul magistrlik jumi’si’mi’zda diniy ag’arti’wshi’lardi’n obrazi’n izertlew arqali’ to’mendegidey juwmaqlarg’a keldik:

1. XX asir qaraqalpaq a’debiyati’nda belgili worni’ bar jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ biri T. Qayi’pbergenov wo’zinin’ “Qaraqalpaq da’stani’” trilogiyasi’nda diniy ag’arti’wshi’lardi’n’ obrazi’n tariyxi’y da’reklerge tiykarlana woti’ri’p sheberlik penen jaratqan. Solardi’n’ biri to’mengi qaraqalpaqlardi’n’ din ha’zireti Murat shayi’q. Jazi’wshi’ Murat shayi’q obrazi’n jasawda woni’n’ balqa woqi’ti’w islerine qarag’anda uri’wlar arasi’ndag’i’ ala awizli’qlardi’ saplasti’ri’p, wolardi’ biriktiriw si’yaqli’ ulli’ islerin su’wretlewge di’qqat qaratadi’. Murat shayi’q xali’q hu’rmetleytug’i’n, yel basshi’ si’pati’nda su’wretlenedi. Woni’n’ obrazi’ teren’ psixologiyali’q sezimlerde jarati’lg’an. Woqiwshi’da estetik tasir qaldi’radi’.

2. K.Sultanovti’n’ “Ajiniyaz” romani’nda berilgen Yelmurat axun obrazi’ jetik ashi’lmasa da bas qaharman Ajiniyazdi’n’ bilim iyelew joli’ndag’i’ ustazli’q ag’arti’wshi’li’q ha’reketlerin ko’remiz. Avtor ideyasi’ni’n’ jetkerilip beriliwinde de bul obrazdi’n’ a’hmiyeti joqari’. Yelmurat axun A;jiniyazdi’n’ ilim iyelewin qa’leydi. A’jiniyazdi’ Xiywag’a oqi’wg’a shi’g’ari’p sali’wda sha’kirtinin’ qasi’nda bir aqsham qaladi. Wog’an Xiywadag’i’ medrese haqqi’nda ma’sla’ha’tler beredi. Wo’zindegi qa’dirli kitabi’n berip jiberedi. Yelmurat axun obrazi’nda biz XIX a’sirdegi sawatlandi’ri’w islerinde axun ulamalardi’n’ tutqan worni’n, xi’zmetlerin ko’re alami’z.

3. G’arezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq a’debiyati’nda do’retilgen ko’rkem shi’g’armalarda diniy ag’arti’wshi’lardi’n’ obrazi’n jarati’wda XX a’sirdegi 20-

30-ji’llardag’i’ iyshan ulamardi’n’ quwdalani’wi’ turmi’s haqi’yqatlig’i’ ham ko’rkem toqi’ma arqali’ sintezlestirilip beriledi. A’.Paqratdinovti’n’ “Sheyitler tag’diri” ta’riyxi’y romani’ ha’m I.Yusupovti’n’ “Watan topi’rag’i’” poemasi’ bug’an ayqi’n mi’sal bola aladi’.

# PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR

## Siyasiy a’debiyatlar

1. Karimov I. A. Tarixiy xotirasiz kelajak yoq. Toshkent, “Sharq”, 1998.
2. Karimov I. A. O’zbekistan XXI a’sir bosag’asi’ndanda. No’kis. “Qaraqalpaqstan”, 1998.
3. Karimov I. A. Asarlari, T.8., Toshkent. “Uzbekiston”, 2000.
4. Karimov I. A. Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. Tashkent, “Manaviyat”, 2008.

## Ilimiy monografiyalar, sabaqli’qlar, ilimiy maqalalar

1. Axmetov S., Yesenov J., Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’w atamalari’ni’n’ wori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi. No’kis, “Bilim”, 1994.
2. Axmetov S., Sultanov K. A’debiyattani’w. No’kis. “Qaraqalpaqstan”, 1987.
3. Axmetov S. Qaraqalpaq sovet poeziyasi’. No’kis, Qaraqalpaqstan, 1988.
4. Bahadi’rova S. Roman ha’m da’wir, No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1978.
5. Boboev T. Adabiyotshunoslikka kirish. Toshkent. “Wqituvchi”, 1979.
6. Vvedenie v literaturovedenie. Xrestomatiya. M. “V?sshaya shkola”, 1979.
7. Da’wqaraev N. Shi’g’armalari’ni’n’ toli’q ji’ynag’i’, No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1979.
8. Esenov J. Sheberliktin si’rlari’. (Ha’zirgi qaraqalpaq povestlerinde ko’rkem psixologizm). No’kis. “Qaraqalpaqstan”, 1986.
9. Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 2012.
10. Kamalov Q. Dala bu’rkiti. No’kis. “Qaraqalpaqstan”, 1990.
11. Kamalov Q. Qaraqalpaq povesti, No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1978.
12. Kamalov S. Karakalpakii v XVIII-XIX vvekax. Tashkent, “FAN”, 1968.

13. Kurbanbaeva G. Syujet i kompozitsiya v sovremennoy karakalpakskoy proze. Toshkent, “Fan”, 1991.
14. Qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zligi. To’rt tomli’q. t. I. A-V. No’kis. “Qaraqalpaqstan”, 1982.
15. Qoji’qbaev A’. “Qaraqalpaq romani’”, No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1978.
16. Mambetov K. A’debiyat teoriyasi’. No’kis, “Bilim”, 1995.
17. Mirvaliev S. O’zbek romani. (Janr manbalari va uning tashkil topishi). Toshkent, “Fan”, 1969.
18. Nari’mbetov J. Jan’a estetikali’q sheklerge qaray, No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1985.
19. Nari’mbetov J. Karakalpakskiy roman. Tashkent, “FAN”, 1974.
20. Nasurlaeva Z. “Geroy sovremennoy karakalpakskoy prozi’”, No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1978.
21. Nurjanov P. G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq prozasi’. No’kis. “Bilim”, 2004.
22. Nurjanov P. Ha’zirgi qaraqalpaq romani’. (Syujet ha’m konflikt poetikasi’). No’kis, “Bilim”, 2009.
23. Nurmuxamedov M. Karakalpakskaya sovetskaya proza. Toshkent. “Fan”, 1968.
24. Nurmuxamedov M. Qaraqalpaq prozasi’ni’n’ a’hmiyetli ma’seleleri. “A’miwda’rya” jurnali’, №10, 1970.
25. Nurmuxamedov M. Shi’g’armalari’ni’n’ yeki tomli’g’i’. II tom. No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1988.
26. Paxratdinov A’., Allambergenov K., Bekbergenova M. XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’. No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 2011.
27. Sultanov Q. Insan qu’direti. No’kis, “Bilim”. 1992.
28. Sultanov Q. Prozani’n’ rawajlani’w jollari’, No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1977.
29. Umurov H. Adabiyot nazariyasi. Toshkent, “Sharq”, 2002.
30. Wo’temuratova H. Qaraqalpaq tariyxi’y romani’ni’n’ poetikasi’. No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1997.

31. Xudaybergenov K. A’jiniyaz haqqi’nda woylar. “A’miwda’rya” jurnali’, №8, 1969.
32. Hatamov N., Sarimsoqov B. Adabiyotshunoslik terminlarining ruscha-o’zbekcha izoh’li lug’ati. Toshkent, “Wqituvchi”, 1970.

## Ko’rkem shi’g’armalar

1. Qayi’pbergenov T. Qaraqalpaq da’stani’, III tomli’q. No’kis. “Qaraqalpaqstan”, 1989.
2. Paxratdinov A’. So’ylenbegen tariyx. Roman-esse. No’kis, “Qaraqalpaqstan” 1996.
3. Paxratdinov A’. Sheyitler ta’g’diri. Tariyxi’y roman. No’kis, “Qaraqalpaqstan” 2008.
4. Sultanov K. A’jiniyaz. Roman. No’kis “Qaraqalpaqstan”, 1967.
5. Yusupov I. Ha’r kimnin’ wo’z zamani’ bar. No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 2004.